ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЫДОКІ

№239 (22.397) ● 2012 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 12, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым зыхуегъазэ

Араши, куэд зыпэплъа Іуэхур кьэхъуащ - нэхъапэм зэраубзыхуэм тету, Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым зыхуегъэзащ. Абы кьэралым щыщыІэ щытыкІэм, ДПК-м и Президиумым хуей кьалэнхэм теухуауэ жиІэхэм едэІуащ палатитІым я депутатхэр, Правительствэм щыщхэр, щыналъэ Іэтащхьэхэр, нэгъэщІхэр.

ПУТИН Владимир тегъэщІапІэ ищІар XXI лъэщыгъуэм кьызэрихьэрэ блэкІа ильэс 12-м кьайхьлІаХэмрэ иджыри зыльэмыІэсахэмрэщ. Абы кьыхигъэщхьэхуКІащ Президенту хахын и пэ кьихуэу кьытрыригъэдза тхыгъэхэм щыгъэува кьалэнхэр гъэзэщІным зэрелякІэр, къэйуэну ильэс гъунэгъуэр ди кьэралым и мызакъуэу, дуней псом дежкІэ мыхьэнэщхэу Дыдэ зиІэ лъэхъэнэ зэрыхъунур. ЕхъулІэныгъэхэм ятеухуауэ жыпІэмэ, псом хуэмыдэу узыгъэгуфІэщ иужьрей мазитхум кьралым сабийуэ кьыщалъхур нэхьыбэ зэрыхъуар. Апхуэздэу ику иту гъащІэр зы ильэсрэ мазихкІэ нэхъ кІыхь хьуащ икІи ильэс блыщым щІигъащ.

- Дэтхэнэ унагъуэми сабиищ иІэнир Урысейм и дежкІэ фЫы дыдэт, - жиІащ Путин Владимир. - Дэ дымащІэмэ, дыхэкІуэдэжьынущ. Апхуэдэ кьэмыхьун папщІэ, ди псэухІэр едгъэфІэфынэ хуейщ. Псом хуэмыдэу егупсыхъэщ сабий садхэр, псэупІэхэр ухуэным. Ди гупсыщ 2013 гъэм и кІэм нэсыху сабий садхэм чэзур щыІэзгъэкІынму.

ЗэхъуэкІыныгъэ инхэр кьыщыхъунущ сыт хуэдэ ІэнатІэмэ - экономикэмэ, егъэджэныгъэмэ, щэныгъэмэ, щэнхабзэмэ.

- Псом хуэмыдэу мыхьэнэ ин иІэщ дызыпетыну гъуэгуми, - пищащ кьэралым и Іэтащхьэм. - Дэ кьыхэтхащ демократиер. Ауэ ар нэгъэущІым дыдэпІэй мыхьуу, дэ езыхэм зэтедухуа демократиеу щытын хуейщ.

Ди цІыхухэр зэщхьэщыкІыныкІэ мэхъу я Іуэху епльыкІэхэмкІи, я мурадхэмкІи, зыщІэбзянхэмкІи. Арщхьэкі э ди къэралым и Іуэхухэм зыри кьыхэзІэбэу дэнэкьым. Мыбдеж псори дыщыізэкъуэрэн хуейщ.

Партхэми, нэгъэущІ политикэ кьарухэми, цІыху кьызэрыгуэкІхэми зэхуэдэ Іэмал яІэн хуейщ езыхэм я зэфІэкІыр пхагъэкІын папщІэ. Политикэ зэныкьуэкьыр хьэрэнкІэ, ауэ, кьытезгъэзэжьынщи, къэрал псом дежкІэ мыхьэнэ ин зиІэ Іуэхухэм егъэщІылъэу дызэкъуэтын хуейщ. Ди политикхэм кьагъэсбэзэн хьунукьым нэгъэущІ къэралхэм кьрат ахьшэ. Ар кьемызэгъщ.

Сыт псом япэу зэран хьур? Іуэхухэр тэмэму зэрызэрамыхьэфымрэ Іулъхьэмрэщ. Бластым и лэжьыгъэр нэрылъагъуу щытын хуейщ. Дэтхэнэ кьулыкьущІэми кьыгурымыІуэу хьунукьым кьалэн кьыщащІамкІэ езым и щхьэкІэ жэуап зэрихьир, - жиІащ Путин Владимир. КьыхэгъэщхьэхуКІыпхъэщ щыгъэщІ цыху псоми нэгъэущІ кьэралхэм ахьшэ щахьумэнымкІэ ирата хуитыныгъэхэм мардэ хуэгъэувын зэрыхуейри. Ар зи пщэрыль кІэлъыплъкІуэ органэм щылажьэхэр цыху мелуаным щІегъу, я бжыгъэкІэ егъэджакІуэхэмрэ дохутырхэмрэ кьакІэрыхурыкьым. Абдеж кьэпщытэныгъэу ирагъэкІуэкІыр зыхуэдизырыкьым Іуэхур зытещІыхьыпхъэр, атІэ абыхэм кьаркІуэрщ.

ІэнатІэ псоми зэхъуэжьныгъэщхуэхэр кьапоплъэ. Дэ куэд щІауэ кьыдогъэгугъэ кьэкІэную зэманым цІыхухэр нэхъыфІу псэуну. Ауэ ахэр нэхъыфІу псэуныр щыізгъэхъулІэн хуейр кьэкІэную лъэхъэнэркьым, атІэ нобэщ. Абы папщІэ Іэмал псори диІэщ. Хэкъуэуауэ дылъэжьэн хуей къудейщ, - кьыхигъэбелджьыпльакІэщ Президентым.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкІхэмрэ къэлэжьынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм щыпашэ хъуфыну?

Федоров Николайрэ Къанокъуэ Арсенрэ журналистхэм йопсалъэ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

США-м лы къыізэрыщащэхум теухуауэ Ветеринарие, фитосанитар кІэлъыплъныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм игъэува хабзэхэр США-м и сенатым «Магнитскэм и закон» жьхуаІэу кьыщтам и жэуапу аракьым. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыІам апхуэдэу журналистхэм яжриІащ УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Федоров Николай. Хабзэщ1эр щІагъэувам и щхьэусыгъэр Америкэм и мэкъумэшыщІэхэм Іэщым псынщІэу лы ешІэнщІ «рактопамин» хущхьэугъэуэр зыубгъуауэ къыізэрагъэсэбэпырц. Иджыпстуй1э пкужьІэнчъым зэман дэкІмэ абы узынщагъэм зэранигъэ иритынрэ иримытынрэ.

«ТХЬЭМ и щыкуркІэ, Урысейми мы Іуэхум гу льитэри, ялэ имыщами, Европэмрэ Китаймрэ къакІэлъыкІуэу зыхуэфащэ унафэр кьищтащ», - жиІащ министрым.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьызэрыщыхъуам теухуауэ журналистхэм щеПсалъэм Федоров Николай кьыхигъэщхьэхуКІащ: лажьэуи мы зэманым яухуэуи сэ фи дежьщІэгъуэ предприятэхэр итэжьмІэкІэ иджырейр, XXI лІэщІыгъуэм хуэфащэщ, зэман кьэкІуэным хэзгъэнущ. Апхуэдэ предприятэхэрщ ди къэралыр езыгъэфІэкІуэфынур, яхуэфащэ уиыпІэ дунейпсо рынокым щызыІыгъыфынур. Къэбэрдей-Балъкъэрыр хьэзырщ Дунейпсо сату организацэм къигъэувкэм тету а рынокым зэрыщылажьэнум. Я нэхъ мащІэ дыдэр армэ, абы щхьэхъ къамыгъэсэбэпу кьагъэкІа продукцэмкІэ къэралым исхэр, язныныкъуэ ерыскъыпхъэхэмкІэ СНГ-р, Европэм щыІэ къэралхэр игъэщхэфынущ.

КЪБР-м и мэкъумэшыщІэхэм пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэ зэмылІэужьыкІэхэр кьалэнжьир тонн мелуаным нагъэсыну зэрамурадым теухуауэ щеупщІым, Кьанокъуэ Арсен жиІащ щІыналъэм и унафэщІэхэм жыг хадзу хозяйствэ инхэми уней лъапсэхэми щагъэкІым хэгъэхъуэным зыбжанэ льандорэ зэрегугъур. «2020 гъэм нэсыху дэ жыг хадзу гектар мин 20 хэтсэн хуейщ. Ар Іуэху тыншкъым, ауэ сэ шэч кьытесхьэрэкъым кьызэрыдэхъулІэнум. Хамэ кьэралхэм кьраш пъэщхьэмыщхьэм и пІэкІэ дэ дгъэкІам Урысей рынокыр иубыдмэ, дэ нэхъ псынщІэжу зыдужьынущ. АтІэми, жыг хадзэхэр бгъэкІын нэхъэр нэхъыфІу сыт щыІэ!», - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуКІащ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэхэкІхэмрэ гъэкІыныкмкІэ республикэр Урысейм и щІыналъэ пашэ хъуфыну кьызэриІытэр.

Федоров Николай зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ мурадышхуэр кьохъулІэн папщІэ хэхауэ Іуэхугъэщущым гу лъытапхъэщ. «Іпэрауэ, агробизнесым щылажьэапхъэр политикэкІэ сыт и лъэныкъуэкІи зыдэІэпыкъу ІэщІагъэпІ нэсхэрщ. Абыхэм я щІыналъэр, я хэкур фІыгъэ зэраІъагъур, псалъэ къудейкІэ мыхьуу, лэжьыгъэ пыухыкІахэмкІэ кьагъэлъэгъуэу щытыпхъэщ. Апхуэдэу, зэрыгурыІуэгъуэщи, лэжьыгъэм тегушхуауэ, зэш хэмылъу бгъэдэтыпхъэщ. Мис а псори фэ фиІыщ», - кІэуихыу жиІащ министрым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Балъкъэр усыгъэм и гъуазэ

● Нобэ

Мы махуэхэм республикэм хэІэтыкІауэ щагъэлъапІэ балъкъэр лъэпкъым и усакІуэ пэрыт Кулиев Кьайсын кьыщалъхуа махуэр. Совет зэманым и дамыгъэ ІупщІу тхыдэм кьыхэна, лъэхъэнэм и тепльэри и купщІэри и тхэ-Іэмрэ дуней тетыкІэмкІэ кьэзыгъэльэгъуа Кьайсын зэхэгъэжьрэ гуэярыздаэрэ зэмыщІа цІыхуу ягу кьынэжащ кьыдэпсэуахэм.

Нобэрей кьыдэкІыгъуэм и гуэдэным фигу кьыщыдгъэкІыжьну ди гуапэщ абы и гъащІэ гъуэгур, усэхэр, литературэ лэжьыгъэхэр. Абы ихуащ Кулиевым и усэу Бицу Анатолэ зэридзэкІахэр, КІыщокъуэ Алий ищІа и нэжьэгъуэм хуитыгъэфэща сатырхэр, Къэшэж Иннэ гъуаэзу, адэ пэлъытэу ибжу щыта усакІуэм теухуа и гукъэкІыжьхэр, Пастернак Борис балъкъэр усакІуэм кьыхуитха письмохэр.

Зэуэ цІыху 50

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 14-м сыхьэт 15-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм зэІущІэхэр щыгъэзэкІуэкІ и пэщІэ гуфІэгъуэ зэхъыбэ щекІуэкІыныщ Урысей Федерацэм и цІыхубэ хозяйствэм папщІэ унафэщІ кадрэхэр гъэхьэзырыныкмкІэ президент программэм тету еджакъэм дипломхэр зэрыратыжьын теухуауэ.

Дипломхэмрэ щыхьэт тхылъхэмрэ иратыжьнущ 2010/11, 2011/12 гъэ еджэгъуэхэм еджапІэхэр къэзыуха цІыху 50-м. Абыхэм унафэщІ ІэнатІэхэр щалыгъщ муниципалнэ щІыналъэхэм, министерствэхэм, республикэм и экономикэм и ІэнатІэ пэрытхэм хиубыдэ предприятэ, Іуэхущ1апІэ мыинхэмрэ курытхэмрэ.

Фыщ1эупщ1э хъунущ 47-35-27 телефонымкІэ.

Налшык къалэ дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапІэм блыщхъэ кІуам щагъэлъэпІащ юрист Іэщ1агъэм пэрыт лэжьакІуэ пажэхэр.

«УРЫСЕЙМ и юристхэм я ассоциацэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм иджы ягпэу кьызэриІэпщІуэу аращ «КЪБР-м и юрист нэхьыфІ» саугъэт нэхьыщхьэр тыныр. Пшыхьым къырихьэлІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и ягпэ кьуэдзэ **Жаным Руслан**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и кьуэдзэ **Власов Александр**, КЪБР-м и Конституцэ судым и Іэтащхьэ **Геляхов Абдулыхь**, КЪБКЪУ-м и юридическэ факультетым и декан **ГукІэпщокъуэ Мурат**, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Іщхьэрэ-Аланием, Ингушым, Шэшэным кьикІа хьэщІэхэр.

Пшыхьым и пэщІэдзэм «Урысейм и юристхэм я ассоциацэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Крашенинников Павел** пэщІым щызэхуэсахэм хьэхъу псалъэкІэ зэрызахуигъаззэр экранкІэ кьагъэльэгъуащ, апхуэдэу КЪБР-м и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен зи макъу зыгъэльапІэхэм зэрехьэхьэр жиІащ Власов Александр. Абы кьыхигъэщащ юристхэм я лэжьыгъэм щІыналъэм щыщыІэ жылагъуэ-политикэ щытыдэри, цІыхухэм я зэхуэщытыкІэри, нэгъэущІ куэди зэрельытар. Жаным Руслан кьеджащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым, депутатхэм кьабгъэдэкІ псалъэ гуапэхэм.

Юристхэм урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм и унафэщІ, КЪБР-м и Нотариальнэ палатэм и президент **Целоусовэ Анусэ** кьыхигъэщащ закон кьыдэхьэныгъэкІ, гражданскэ, уголовнэ, судэ, гражданскэ, административнэ, уголовнэ-процессуальнэ, уголовнэ-исполнительнэ, уголовнэ-правовой, гражданскэ-правовой, трудовой, семейнэ, земельнэ, экологическэ, финансовэ-экономическэ, таможенэ, нотариальнэ, адвокатскэ, судебнэ-экспертнэ, гражданскэ-процессуаль

Адыгэу тетым щы хъурейм, ей, маржэ, жыІэрей.

Лъэпкъ зыужьынытъэм хуолажьэ

Мы гъэм ильэс 13 мэхьури, ди щІыналъэм щокІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивальэпеуэр. Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ адэкІи зегъэужьыныр, а лъэпкь хъугъэфыгъуэхэр къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхьумэнри, бзэр курыт школхэм зэрыщаджыр егъэфІэкІуэныр, апхуэдизри а Іуэхугъэм хуэлажьэ егъэджакІуэ нэхъыбІыбэр гъэпсэжыныр, аджакІуэ зэчиифІэхэр гъэгушхуэныр зи кьалэн нэхъыщхьэу щыт а эппеуэр 1999 гъэм къыхилъхьауэ щытащ «Къэбэрдей Адыгэ Хасэ» жылагьуэ зэгухьэныгъэм. Лъэпкь зыужьыныгъэм хуэлэжьэным хуэгъэпсэ проектыр жыдІэжу кьыдаІыгащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, нэгъуэщІ кьэрал ІуэхущапІэхэм, жылагьуэ зэгухьэныгъэхэм. Апхуэдизу ар щыІуэхэм я деж нэхъесыныр кьалэн зыщищыжауэ щытащ ноби абы жыджэру хэт «Адыгэ псалъэ» газетым.



Зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым хэтхэу Токъу Сарэ, Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Кьаржэ Тамарэ сымэ.

БЗЭРАЩ лъэпкъым и псэр. Лъэпкыр лъэ быдэкІэ уВыныр, абы и тхыдэм, гъуэзджэм, щэнхабзэм заужьынир, цІыхухэм я зэхэщІыкІым зиуэзщІынир зэпытыр бзэм и кІаурущ. А псори кьалытащ зэпеуэр кІыхэзылъхьахэм икІи абыхэм ятещІыхьауэ яубзыхуащ абы и кьалэн нэхъыщхьэхэр. Апхуэдизхэш:

- адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ курыт еджапІэхэм зэрыщаджыр егъэфІэкІуэныр;

- егъэджакІуэ пажэхэм я лжьыгъэм кІэлъыплъныр, абыхэм фІыуэ, хьэлэмэту кьагъэсэбэп Іэмалхэм псори щыгъуазэ щыныр;

- адыгэбзэр фІыуэ яльагъуу, я анэдэлъхубзэм кьабзэуу ирипсалъэу щэблэр кьэгъэтэджкьынымкІэ еджапІэхэм, гъэсапІэхэм щекІуэкІ гъэсэныгъэ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныр;

- адыгэ хабзэм, гъэсныгъэ щэнхабзэм щІэблэр щІэпІыкІныр, гъэсэныгъэ лэжьыгъэр нэхъ зыубгъуауэ кьэгъэсэбэныр;

- лъэпкь еджапІэ, гъэсапІэ нэхъыфІхэр кьэхутэныр, абыхэм я лэжьакІэр цІыхубэ хьыбарегъащІэ ІэмалхэмкІэ гъэльэгъуэныр;

- еджакІуэ зэчиифІэхэр утыку кьиІэныр, я зэфІэкІыр щапхъэу гъэльэгъуэныр;

- еджапІэ, гъэсапІэ Іэнатіэхэм я Іуэху зыІутым жылагъуэм, адэ-анэхэм, ар зэхьэлІа нэхъыбэущІэхэм гу лъегъэтэныр.

Зэпеуэм хэтыну курыт еджапІэ, сабий гъэсапІэ нэхъыфІхэр кьагъэльагъуэ хабзэщ кьэй администрацхэм егъэджэныгъэмкІэ я кьудамэхэм, кьалэ департаментхэм кьыдзэрагъэпэщ кьэпщытакІуэ гупхэм. Ар щекІуэкІкІэ кьалъытэ Іуэхугъуэхэм ящыщу школым анэдэлъхубзэр, литературэр зэрыщрагъэдж щыкІэр (урокхэр, программэхэр, планхэр); куей, кьалэ, республикэпсо зэхьэзэхуэхэм еджапІэм и гъэсэныгъэм щІэ екъуІэныгъэхэр; адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щрагъэдж пэшхэм я теплъэр; еджапІэм и библиотекэр зэрырагъаджэ тхылъкІэ, художественэ литературэкІэ кьыдзэрызэгъэпэщар; егъэджакІуэхэм я методикэ кьыдзыгъэхэр; бзэм, тхыдэм, хабзэм теухуауэ школым щекІуэкІ классщІыбэ гъэсэныгъэ, кьэхутэныгъэ лэжьыгъэр; адыгэ лъэпкым щыдекІуэкІ хабзэхэм щІэблэр зэрыщІапІыныр гъэсэныгъэ лэжьыгъэм я планхэр, программэхэр, планшетхэр, альбомхэр, стендхэр.

ЕджапІэхэм, гъэсапІэхэм я унафэщІхэр, егъэджакІуэхэр Іуэхум, зэрепльыр кьалытауэ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр Іыхьищу зэщхьэщыхьауэ ІокІуэкІ. Ялэ щыкІэ ар щауфІэ школхэмрэ сабий гъэсапІэхэмрэ. Абыхэм пашэщыхьахэр щыізэпоуэ куейхэмрэ кьалэхэмрэ. НэхьыфІхэр щызэІуощІэж республикэпсо фестиваль-зэпеуэм и утыкум. Зэкьэзэкъуэр унэтІыныгъэ куэду зэхэтщ. Абы хохьэ егъэджакІуэхэми абыхэм я гъэсэнхэми я зэпеуэхэр, сабий щхьэхуэхэм я зэчиифІагъыр кьыщагъэльагъуэ Іыхьэхэр - «Анкьыл жан» зэхьэзэхуэр, лъэпкь литературэм и классикхэм я щІэхэр зезыхьэ еджэныгъэхэр, дерс зэІуэха нэхъыфІхэр, классщІыбэ лэжьыгъэ нэхъыфІ дыдэхэр, нэгъуэщІхэри. Лъжьыгъэм кІэлъоплъ егъэджакІуэ пашэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ІыкІуэхэр, щыху цІэрыІуэхэр зыхэт кьэпщытакІуэ гупхэр.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» нэхъыфІхэр кьэхутэныр, абыхэм я лэжьакІэр цІыхубэ хьыбарегъащІэ ІэмалхэмкІэ гъэльэгъуэныр;

- еджакІуэ зэчиифІэхэр утыку кьиІэныр, я зэфІэкІыр щапхъэу гъэльэгъуэныр;

- еджапІэ, гъэсапІэ Іэнатіэхэм я Іуэху зыІутым жылагъуэм, адэ-анэхэм, ар зэхьэзэлІа нэхъыбэущІэхэм гу лъегъэтэныр.

Зэпеуэм хэтыну курыт еджапІэ, сабий гъэсапІэ нэхъыфІхэр кьагъэльагъуэ хабзэщ кьэй администрацхэм егъэджэныгъэмкІэ я кьудамэхэм, кьалэ департаментхэм кьыдзэрагъэпэща кьэпщытакІуэ гупхэм. Ар щекІуэкІкІэ кьалъытэ Іуэхугъуэхэм ящыщу школым анэдэлъхубзэр, литературэр зэрыщрагъэдж щыкІэр (урокхэр, программэхэр, планхэр); куей, кьалэ, республикэпсо зэхьэзэхуэхэм еджапІэм и гъэсэнхэм щІэ екъуІэныгъэхэр; адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щрагъэдж пэшхэм я теплъэр; еджапІэм и библиотекэр зэрырагъаджэ тхылъкІэ, художественэ литературэкІэ кьыдзэрызэгъэпэщар; Іуэхум я ІыкІуэ псоми я нэхъыщхьэу зэкъупсэ гъэсэныгъэр зэрыщытыр арГуэру зэІуэхуэ щыхьащ а урок кІэщІ щыкІуэхэм. Апхуэдэ дерс кІэщІхэм щІэдзапІи, купщІэшхуи, кІэухи яІэщ, я кьыззэгъэпэщыкІэкІи, мыхьэнэкІи, хьэлэмэтагъкІи дерс кІыхьхэм ехьэхьэхуэм ярейщ. Нэхьащхьэращи, ахэр зэрекІуэкІыр анэдэлъхубзэкІэщ. Щрейхэми хуэдэу, абыхэми техникэ пэрытым и Іэмалхэр кьыщагъэсэбэп, зыІутехуа темэхэм хуэмІуэ сурэт, тхыль, нэгъуэщІ дэфтэр гъэлъагъуэныгъэхэр, нэрылъагъу пособиехэр кьыхуэзэрагъэпэщ, уси, уэрэди, кьафи зыхэти щыІэу.

АдыгэбзэкІэ екІуэкІ фестивалым и гугъу тщІымэ, ильэс кьэс и кьызэгъэпэщакІуэхэм хэхьуэурэ макІуэ, япэ ильэсищым зэпеуэр Къэбэрдей Адыгэ Хасэм КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ щыгъуу ирегъэкІуэкІамэ, нобэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестивальэпеуэм и кьызэгъэпэщакІуэ гупым жьджэру хэтщ Дунейпсо Адыгэ Хасэр, «Алан» лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэр, ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхэгъахьуэ институтыр, КъБКъУ-м и педколледжыр, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэр, «Тхылъ», «Адыгэ унэ» тыкуэнхэр.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр екІуэкІкІэ зэрыщІидзэрэ ильэсипщІ зэрыхьур Іэтауэ ягъэлъэпІауэ щытащ 2010 гъэм. БлэкІа ильэсхэм зэпеуэм щытекІуэхэм я фестиваль екІуэкІыгъащ а гъэм и жэпуэгъэу, щэкІуэгъуэ мазэхэм кьриубыдэу. Сыт щыгъуи зэхуэсу, нэрылъагъу хьауэ апхуэдэ зэхьэхьэр школ Іуэху кьудей мыхьуу, кьуажэм, куейпсо мыхьэнэ зиІэу зэрыщытыр. Абы щыхьэт техьэрт щІыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэр, кьуажэдэсхэр, адэ-анэхэр абы щыджэру зэрыхэтыр, лъэпкь Іуэхур еджапІэхэми егъэджакІуэхэми даІыгъуеу.

Зэман кІэщІым кьриубыдэу зиуэщІащ, дэнэкІи зыщиубгъуащ зэпеуэм. КьыжьклІэ-хьэщ ар ильэсибл хьауэ Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгейми зэрыщекІуэкІыр. Адыгэхэр зэрыс щыналъэхэр я лІыкІуэхэмкІэ зохьуажэ, зэпеуэр зэрегъэйуэжыгъхэр Іэмалхэм кІэ зэдогуащ. Къэр щакъым ди деж зэрыщыІэрэ Адыгейрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ кьикІауэ цІыху 60-м щІигъу. Абыхэм Іэмал яІащ фестиваль-зэпеуэр Къэбэрдей-Балькъэрым зэрыщекІуэжьым кІэлъыплъыну. Ахэр щыІауэ щытащ а махуэхэм фестивалыр щекІуэжкІа Акьбащ Ипщэ дэт курыт школымрэ ХьэтІохъущьакьуей щыІэ пэщІэдзэ школ-сабий садымрэ. ХьэщІэхэм ильэгъуэ псори гурыяхь ящыІэхуат, куэд ягъэщІагъуэуи кІуэхат. Шэч хэмылъу, диІэ фІымкІэ дыдэдэгуашэмэ, анэдэлъхубзэри, хабзэри, гъэсакІуэ» унэтІыныгъэм. 2008 гъэм екІуэкІа апхуэдэ урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтащ Сэрмакъ курыт еджапІэ №2-м адыгэбзэр щезыгъэдж. **Мэшыкъуэ Іэсиятрэ** Бабугент кьуажэм дэт курыт школым балъкъэрыбзэр щезыгъэдж **Джангуразовэ Лиэзэр**. Ди гуапэ зэрыхъущи, зэхьэзэхуэм и «ЕгъэджакІуэ-кьэхутакІуэ» унэтІыныгъэм теКІуэныгъэ кьыщІихьащ Мэшыкьуэм. КьинэмышІауэ, зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр - Дыжьын кьэбзийр - абы щыгъуэ япэу Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьэкІуат: ар кьыхуагъэфащат Джангуразовэм.

2009 гъэм Москва щекІуэкІа апхуэдэ урысейпсо зэпеуэм хэтауэ щытащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм щытекІуа, Кьулъкъужьм Ипщэ курыт школым щылажьэ, филологие щІэныгъэхэм я кандидат **Нэхущ Залинэ.** Хэтам и мызакъуэу, ар пашэ щыхьуащ «Методикэ жьыджэрагъымрэ Іэзагъымрэ» унэтІыныгъэм, апхуэдизуи УФ-м и щІыналъэ 19-м я егъэджакІуэхэр щыхэта «Си лъахэ, си школ, си Іэнатіэ» презентацэми адрейхэм щатекІуащ. КьыкІэлъыкІуэ ильэсым, 2010 гъэм, зэпеуэм хэтыну гукъыдэж ищІащ егъэджакІуэ Іэзэ **Хур Мадинэ**. Абы и зыкъэгъэльэгъуэныгъэм кьыхэхуащ етІуанэ Дыжьын кьабзийр, Хурым и текІуэныгъэ иныж тригъэгушхуауэ, Лъэпкыбзэхэр езыгъэджэм я кьэрапсо зэхьэзэхуэм ди республикэм кьыбгъэдкІыу 2011 гъэм хэтащ Прохладнэ куейм хьихь Альтуд кьуажэм дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Къумыкъу Светланэрэ** Налшык дэт курыт школ №28-м балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ **Глашевэ Джамилэрэ**. ЕгъэджакІуэхэр ди щІыпІэм щІэрыІуэ щыхьуат я Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ, лэжьыгъэм хуаІэ жьыджэрагъымрэ зыхащІэ жэуапльныгъэмкІэ. Светланэ мыз-мытІэу хэтащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалым икІи текІуэныгъэхэр кьыщІихьащ.

Къэралпсо зэпеуэми зэфІэкІ лъагэхэр щагъэльэгъуащ ди лъахэгъуэм. Къумыкъум ита мастер-классыр нэхъыфІхэм хапытащ икІи абыкІэ егъэджакІуэм ещанэ увыпІэр кьинхьащ. Светланэ и дерсым Іэзэу хэхуэна хьуат ди лъэпкъ хабзэри, щІыналъэм и теплъэ дахэри, адыгэ фащэм и зэхэлъыкІэхэри, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ хьэлэмэтхэри.

Апхуэдэу Къумыкъуэ щытекІуащ «Методикэ жьыджэрагъымрэ Іэзагъымрэ» унэтІыныгъэми. Глашевэ Джамили зэпеуэм и унэтІыныгъэ щыхэхуэм пашэ щыхьуащ. ЕгъэджакІуэхэм ябгъэдэлъ Іэкіуэльэкіуагъэмрэ кьахьа текІуэныгъэхэмрэ щыхьэт техьуэу, абыхэм кьыхуагъэфащащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалым Къэндым ятеп увыпІэр кьыщІихьащ. Иджырей кьэралпсо зэпеуэм Маринэ «ЕгъэджакІуэхэм я егъэджакІуэм» унэтІыныгъэм пашэ щыхьуащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Анэдэлъхубзэр езыгъэджэм я зэфІэкІкІэ щагъэльагъуэ урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну ди лъахэгъу егъэджакІуэхэр абы хуэзыгъэхьэзыр Кьэбэрдей-Балъкъэр Мордовие Республикэм я кьалащхьэ Саранскиц. Махуищ1э зэхэта а кьэралпсо зэпеуэм ди республикэм кьыбгъэдкІыу щыІащ Налшык дэт гимназие №29-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Ефэнды Маринэ.** Ильэс 30-м щІигъуауэ а Іэнатіэм пэрыт Маринэ Щыхубз егъэджэныгъэм и отличникущ, и Іэщ1агъэм фІыуэ хещІыкІ.Ефэндыр жьыджэру хэтщ кьаІэ, республикэ, щІыналъэ зэпеуэхэм, увыпІэфІхэри кьыщІехь. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, екІуэкІ кьэралпсо зэхьэзэхуэм щытекІуэри, Маринэ кьыхуагъэфащащ «УФ-м и егъэджакІуэ нэхъыфІ» щІэ лъапІэмрэ сом мини 100 хьу ахъщэ саугъэ тымрэ. 2011 гъэм екІуэкІа «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалымЕфэндым ятеп увыпІэр кьыщІихьауэ щытащ. Иджырей кьэралпсо зэпеуэм Маринэ «ЕгъэджакІуэхэм я егъэджакІуэм» унэтІыныгъэм пашэ щыхьуащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Анэдэлъхубзэр езыгъэджэм я зэфІэкІкІэ щагъэльагъуэ урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну ди лъахэгъу егъэджакІуэхэр абы хуэзыгъэхьэзыр КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм я экспертыр нэхъыщхьэу ильэс куэдкІэ лэжьа, егъэджакІуэ Іэкіуэльэкіуэ, хэкупсэ нэс Балэ Людмилэу зэрыщытыр. Зэпеуэм хэтахэм фІыщІэ ин хуащІ апхуэдэу утыкуищхэм ихьэфыным Балэм ахэр хуэІэижь зэрыхуищІам, гушхуэныгъэрэ чэнджащ щхьэпэхэмрэ кьаэзыриутам папщІэ.

ЖЫЛІЭ Марэ.

Бекъан Масирэт

Мэшыкъуэ Іэсият

Нэхущ Залинэ

Къэралпсо утыкуми

Балэ Людмилэ

Ефэнды Маринэ

Къумыкъу Светланэ

Си бзэ - си псэ, си дуней

Пс. Джэдгъэф Борис ейщ Макъ. Молэ Владимиррэ Щомахуэ Хьэсэнбийрэ яйщ

Ди Іуащхьэмахуэу уэгу
пкІэльейм
Хасэшхуэр щыззохуос.
Кьапсэлыр нобэ Къэбэрдейм
Кьайсэрым ныпльэІос.

Ежьу:
Си бзэ - си псэ, си дуней,
Анэбзэу си уэрэд,
Лъагъуныгъэу сигу мыжейм,
Сигу мыжейм укъольт.
Адыгэу тетым Щы хъурейм,
Ей, маржэ, жьифІэрей:
Си бзэ - си псэ, си дуней,
Си бзэ - си дуней.

Ямхьуатэ си бзэр кьуалэбзум.
Пшынэбзэзу зэІэпах.
Мэхкуу щІодэІур си макъ зум,
Щам кьалэ щызэхах.

Ежьу.

Поджэж си гъащІэм
лъэпкъ уэрэд
Уахьтыншэу кьитэщІар.
Дунейм и пщэпльу кьрекІут
Гухэльу зэщІэпльар.

Ежьу.

Хабзэ хъущи, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм кьрикІуахэр ильэс кьэс Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу фестивалым и кьызэгъэпэщакІуэхэм кьаращытэж. Абы кьыхэжаныкІа егъэджакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ ягъэтхапІэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, «Адыгэ псалъэ» газетым кьабгъэдкІыжащ щыхъ, фІыщІэ тхылъхэмкІэ, саугъэт лъапІэхэмкІэ. Пашэ хъуахэм я Іуэху зехьэкІэ ирыпытыр жылагъуэм щызэхьащІыс егъэджакІуэ ІэзэхэрэІэнатІэм пэрыхьагъащІэ Іэщагъэлі ныбжьыщІэхэм ядогуашэ я лэжьакІэ мардэхэмкІэ, дерс кьызэгъэпэщыкІэхэмкІэ.

АБДЕЖМИ кьыщІынэркьым Іуэхур. Щыналъэ зэпеуэм щытекІуа егъэджакІуэхэм я зэфІэкІ ильэс кьэс кьыщагъэльагъуэ Анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я урысейпсо зэпеуэхэм, абы и саугъэт нэхъыщхьэр - Дыщэ кьабзийр - кьыгъуэзыхьхэри ахэтт. Налшык дэт №11-нэ курыт школым щылажьэ, КъБР-м щылъэ зиІэ и егъэджакІуэ **Бекъан Масирэт** 2007 гъэм пашэ щыхуащ кьэралпсо зэпеуэм «ЕгъэджакІуэ-гъэсакІуэ» унэтІыныгъэм. 2008 гъэм екІуэкІа апхуэдэ урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтащ Сэрмакъ курыт еджапІэ №2-м адыгэбзэр щезыгъэдж **Мэшыкъуэ Іэсиятрэ** Бабугент кьуажэм дэт курыт школым балъкъэрыбзэр щезыгъэдж **Джангуразовэ Лиэзэр**. Ди гуапэ зэрыхъущи, зэхьэзэхуэм и «ЕгъэджакІуэ-кьэхутакІуэ» унэтІыныгъэм текІуэныгъэ кьыщІихьащ Мэшыкьуэм. КьинэмышІауэ, зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр - Дыжьын кьэбзийр - абы щыгъуэ япэу Кьэбэрдей-Балъкъэрым кьэкІуат: ар кьыхуагъэфащат Джангуразовэм.

2009 гъэм Москва щекІуэкІа апхуэдэ урысейпсо зэпеуэм хэтауэ щытащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм щытекІуа, Кьулъкъужьм Ипщэ курыт школым щылажьэ, филологие щІэныгъэхэм я кандидат **Нэхущ Залинэ.** Хэтам и мызакъуэу, ар пашэ щыхьуащ «Методикэ жьыджэрагъымрэ Іэзагъымрэ» унэтІыныгъэм, апхуэдизуи УФ-м и щІыналъэ 19-м я егъэджакІуэхэр щыхэта «Си лъахэ, си школ, си Іэнатіэ» презентацэми адрейхэм щатекІуащ. КьыкІэлъыкІуэ ильэсым, 2010 гъэм, зэпеуэм хэтыну гукъыдэж ищІащ егъэджакІуэ Іэзэ **Хур Мадинэ**. Абы и зыкъэгъэльэгъуэныгъэм кьыхэхуащ етІуанэ Дыжьын кьабзийр, Хурым и текІуэныгъэ иныж тригъэгушхуауэ, Лъэпкыбзэхэр езыгъэджэм я кьэрапсо зэхьэзэхуэм ди республикэм кьыбгъэдкІыу 2011 гъэм хэтащ Прохладнэ куейм хьихь Альтуд кьуажэм дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж **Къумыкъу Светланэрэ** Налшык дэт курыт школ №28-м балъкъэрыбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ **Глашевэ Джамилэрэ**. ЕгъэджакІуэхэр ди щІыпІэм щІэрыІуэ щыхьуат я Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ, лэжьыгъэм хуаІэ жьыджэрагъымрэ зыхащІэ жэуапльныгъэмкІэ. Светланэ мыз-мытІэу хэтащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалым икІи текІуэныгъэхэр кьыщІихьащ.

Къэралпсо зэпеуэми зэфІэкІ лъагэхэр щагъэльэгъуащ ди лъахэгъуэм. Къумыкъум ита мастер-классыр нэхъыфІхэм хапытащ икІи абыкІэ егъэджакІуэм ещанэ увыпІэр кьинхьащ. Светланэ и дерсым Іэзэу хэхуэна хьуат ди лъэпкъ хабзэри, щІыналъэм и теплъэ дахэри, адыгэ фащэм и зэхэлъыкІэхэри, нэгъуэщІ Іуэхугъуэ хьэлэмэтхэри.

Апхуэдэу Къумыкъуэ щытекІуащ «Методикэ жьыджэрагъымрэ Іэзагъымрэ» унэтІыныгъэми. Глашевэ Джамили зэпеуэм и унэтІыныгъэ щыхэхуэм пашэ щыхьуащ. ЕгъэджакІуэхэм ябгъэдэлъ Іэкіуэльэкіуагъэмрэ кьахьа текІуэныгъэхэмрэ щыхьэт техьуэу, абыхэм кьыхуагъэфащащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалым Къэндым ятеп увыпІэр кьыщІихьащ. Иджырей кьэралпсо зэпеуэм Маринэ «ЕгъэджакІуэхэм я егъэджакІуэм» унэтІыныгъэм пашэ щыхьуащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я зэфІэкІкІэ щагъэльагъуэ урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну ди лъахэгъу егъэджакІуэхэр абы хуэзыгъэхьэзыр КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм я экспертыр нэхъыщхьэу ильэс куэдкІэ лэжьа, егъэджакІуэ Іэкіуэльэкіуэ, хэкупсэ нэс Балэ Людмилэу зэрыщытыр. Зэпеуэм хэтахэм фІыщІэ ин хуащІ апхуэдэу утыкуищхэм ихьэфыным Балэм ахэр хуэІэижь зэрыхуищІам, гушхуэныгъэрэ чэнджащ щхьэпэхэмрэ кьаэзыриутам папщІэ.

ЖЫЛІЭ Марэ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм хуэдэу зэхьэзэхыныгъэ куэд кьызыхьхьэ Іэнатіэ щыІэу хэхьащІэкІынкъым. ЕгъэджакІуэ пэрытхэм, щІэныгъэлІхэм, къэхутакІуэхэм кьыхалъхьэ лэжьэкІэхэр зыхуэунэтІар щІэблэм щІэныгъэ куу, гъэсэныгъэ тэмэм ятынырщ. Апхуэдизу, и лэжьыгъэм сыт щыгъуи щІэщыгъуэ гуэр хилъхьэу, и Іэнатіэм пэрыпщ Хьэтіохъущьакьуей къуажэм дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Щыбзыкъуэ Фатімэ.

- ЕДЖАКІУЭХЭМ я дуней еплъыкІэмрэ гупсысэкІэмрэ нэхъри зегъэужьыныр ди лэжьыгъэр зытеуихуар. Абы щхьэкІэ кьэзгъэсэбэпыр программэм кьытхуигъэльагъуэ тхыгъэхэм, ахэр зэджакІэ литературэм я закъуэхьым, - и лажьыгъэм топсэльыхь Фатімэ. - Мы зэманым гупытащхуэ зыхуэсщІ Іуэхугъуэхэм ящыщщ адыгэ литературэмкІэ зэхэзгъэзува элективнэ курсыр егъэджэныгъэм нэсу хэзгъэхьэныр. «Хамэщ1 щыпсэу адыгэхэм я литературэ-художественэ дуней» зыфІэсща программэмкІэ ди куейми нэгъуэщІ щІыпІэхэми щыІэ школхэм я егъэджакІуэ зыбжанэ щІадзауэ иролажьэ икІи а унэтІныгъэщІэм адэкІи зегъэужьыныр кьалъытэ.

Щыбзыхьуэм зэхэгъэува программэр хуэгъэзащ 9-11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщІэхэр Къэзакъстэм Гъунэгъумрэ Тыркумрэ щыпсэу хэхэс адыгэхэм я литературэ творчествэм щыгъуазэ щІыным. Гъэ ныбжьыщІэхэр щыгъуазэ щІыным. Гъэ еджэгъуэм щыщу сыхьэт 34-рэ зыхуэхиха курсым егъэджакІуэ Іэкіуэльэкіуэм хигъахьащ хамэщІ щыпсэу адыгэхэм я кьалэмыпэм кьыщІэкІа тхыгъэхэм я фІыпІэхэр: Хэку лъагъуныгъэм, цІыхугъэм, хабзэм, напэм теуха рассказхэр, пьесэхэр, усэхэр, романхэмрэ повестхэмрэ щыщ пычыгъэхэр, публицистикэ тхыгъэхэр. Фатімэ кьигъэсэбэпащ франджы, тырку, мысыр, иордан адыгэхэм я Іэдакъэщ1экІэхэу Хьэфыщ1э Мухьэмэд, Къэрмокъуэ Хьэмид, Тымыжь Хьэмыщ1э, Бакъ Зерэ сымэ ди анэдэлъхубзэм кьаращэзэгъэхэр. АпхуэдизкІ Къандур Мухьэдин, Къущхьэ Нэдим, Анскьуэ Зульфикъар, Чурей Алий, Хьунэгу Надие, нэгъуэщІхэми я тхыгъэхэр.

Фатімэ и лэжьыгъэр егъэдгапІэхэм кьыщыгъэсэбэпыпхъэу кьалъытащ КъБКъУ-м филологиемкІэ и институтми, ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэлІхэм я институтми, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтми я щІэныгъэлІхэм.

- Щыбзыхьуэм зэхэгъэува литературэ программэр курыт школхэм кьыщыбгъэсэбэп зэрыхьунум щэч хэпльхьам. Хэкупсэ гъэсэныгъэр зи мурад нэхъыщхьэ курсым апхуэдизуи еджакІуэхэм я нэхъуахьм зригъэжьынущ, кьэбзрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмрэ я зыужьыкІэм хэлъ хьэлэмэт куэдым нэбжьыщІэхэр щыгъуазэ ищІынущ, - жеІэ программэм рецензэ езыта, филологие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и егъэджакІуэ нэхъыжь Хэжь Ленэ. - Кьыхэгъэщыпхъэщ егъэджакІуэм лэжьыгъэм кьыщыгъэсэбэп методикэ Іэмалхэри зыхуигъэзывыкА мурадкІэ хьэхуІэу, и Іэнатіэм дэрэжэгъуэ кьриту лэжьэну ди гуапэщ.

ТАМБИЙ Линэ.

Хэкупсэ гъэсэныгъэр егъэнэхъапэ

Адэжь Хэкум щыпсуу тхыгъэхэмрэ хамэщІ щыпсэуэхэмрэ я Іэдакъэщ1экІхэр зэпишІэн папщІэ, Щыбзыхьуэм элективнэ литературэ курсым хигъэхьащ Щоджэнцыкіу Алий, КІыщокъуэ Алим, Елгъэр Кашиф, Бемырзэ Мухьэдин, АфІэунэ Лиуан сымэ я тхыгъэхэзу Урыс-Кавказ зауэмрэ абы къыркІуа Іуэхугъуэхэмрэ ятеухуахэр. Ари программэм и ехъуІэныгъэхэм ящыщщ.

Фатімэ и лэжьыгъэр егджапІэхэм кьыщыгъэсэбэпыпхъэу кьалъытащ КъБКъУ-м филологиемкІэ и институтми, ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэлІхэм я институтми, Гуманитар кьэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтми я щІэныгъэлІхэм.

- Щыбзыхьуэм зэхэгъэува литературэ программэр курыт школхэм кьыщыбгъэсэбэп зэрыхьунум щэч хэпльхьам. Хэкупсэ гъэсэныгъэр зи мурад нэхъыщхьэ курсым апхуэдизуи еджакІуэхэм я нэхъуахьм зригъэжьынущ, кьэбзрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмрэ я зыужьыкІэм хэлъ хьэлэмэт куэдым нэбжьыщІэхэр щыгъуазэ ищІынущ, - жеІэ программэм рецензэ езыта, филологие щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и егъэджакІуэ нэхъыжь Хэжь Ленэ. - Кьыхэгъэщыпхъэщ егъэджакІуэм лэжьыгъэм кьыщыгъэсэбэп методикэ Іэмалхэри зыхуигъэзывыкА мурадкІэ хьэхуІэу, и Іэнатіэм дэрэжэгъуэ кьриту лэжьэну ди гуапэщ.

ТАМБИЙ Линэ.

Зэпеуэр ІокІуэкІ.

Ди анэдэлъхубзэм теухуауэ

Адыгэхэр зэрыгурыхуэ защІэмрэ акъыж жан зэрэІэмрэ тепщІыхьмэ, ахэр щІэх дыдэ яльэщІыхьынут хуэд щІауэ щІэныгъэ зиІэ лъэпкъхэм; абы щхьэкІэ псом япэ зыхуэныкъуэр тхыбзащ, я нэр кьыщызыпхъуэ хэтащ мыхъумыщІэхэри зыханэн хуейщ.

БРОНЕВСКИЙ Семен, *урыс щІэныгъэлІ. 1828 гъэ.*

Си бзэ - си псэ, си дуней, си бзэ - си дуней!

«Дыжьын къабзийр» зи тыгъэ Хур Мадинэ

Анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я зэфIэкIыр щагъэльагъуэ ЕплIанэ Урысейпсо мастер-класс иджыблагъэ щекIуэкIащ ди къэралым и щыхьэр Москва. Махуэщ1кI зэхэта а зэIуцIэр ирагъэкIуэкIащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ щIэныгъэм зегъэужьыным абы и федерациэм нэ Iуэхущапэм Лъэпкъ щIэныгъэ Iуэхуэхэмкlэ и институтым-рэ. Ди республикэм кьыбгъэдэкIыу а къэралпсо зэхьэзэхуэм хэтэхэм ящыщу Налшык дэт гимназие №13-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджа, абы и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и кьуэдзэ Хур Мадинэ.

ЗИ Iэнатlэм игури и псэри хэзылъхьэ бзылъхугъэ цыкIым и цIэр ипэкIи фIыкIэ къэIуащ. Ар мызэ-мытIуэ тепсыкIут щыхьэщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикIэпсо зэпеуэм и унэтlныгъэ зэхуэмыдэхэм, и Iуэху зехьэкIэ пэрытым и щыхьэту кьыхуэгъэхущ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, егъэджэныгъэмкIэ кьалэ департаментым къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ

Мадинэ Урыху кьуажэм кьащадльхуащ, абы дэт курыт школри екъуIэныгъэ кIуэу кьиуащ. Егъэджакlуэ Iэщагъэм зэрысабийрэ щIэхьэуэсыт ар, псом хуэмыдэу анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ яхуэлэжьныр и Iуращэт. Езым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ хэкупсэ гъэсэныгъэм и кьежьапIэр и адэшхуэ-анэшхуэхэу БыцIэ ГъащIэгъэрэщ. Абыхэм хьыджэбз щыкIуэр куэдрэ щIагъэдэIуу щыташ адыгэ Iуэрыпуатэм щыщ хьыбархэм. Лъэпкъ гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ иэхьажьхэм ящыгъуэ Iуэху дахэм пащащ Мадинэ и адэ-анэ Хьэрэйлрэ Фатlимэрэ. Абыхэм быныр драгъэхьэкащ лъэпкъ щэнхабзэм, гъуаджэм. Апхуэдэ гуэгъуэм щапIа сабийм и псэм Хэку лъагъуныгъэ кьыщымыуышыр Iэмал зимыIэт.

А гупсысэхэр и гъуэгугъэлъагъуэу, школ нэхъыбэм Хурыр щIэтIысхьащ Налшык дэт педколледжым. Бзылъхугъэ зэчиифIэм ар фIы дыдэу кьиухащ икIи егъэджакIуэным и япэ лъэбакъуэхэр щичащ илъэс тIощIым нэсауэ зыщылажьэ хурыт школ №13-м. Мадинэ апэ кьуажэм щыщIэдзауэ кьыгурыIуащ сабийм анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ фIыуэ ебгъэльагъэн, дебгъэхьэхьан папщIэ, егъэджакIуэхэсхэм абыхэмкIэ зэфIэкI яIэн зэрыхуейр. Егъэдэлъ щIэныгъэм хигъэхьуэн мурадкIэ, Мадинэ, зэрылажьэм хуэдэущ, зэуэ щIэтIысхьащ еджапIэ нэхъыщхьэ Iтум: КъБКъУ-м и филологие кIудамэмрэ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Iащхьэрэ къэралинирилъхьэн. Ауэ щыхъукIи, егъэджакIуэм и макъым кьыдэкIуэу, утыкум щыIуащ абы и гъэсэн щIыкуIхэм я псальэхэрэ. Ахэр жыдэжру тепсэльыхьыкIэ я лъэхэм и дахагъэм, я кьалащхьэм и уардагъэм, унэ етIуанэ яхуэхьу я школым щекIуэкI лэжьыгъэ екIум.

КупщафIэу икIи хьэлэмэту зэхэсыгъэ хуабжьу гунэс ящыхьуащ Мадинэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэ пашэхэу БищIо Замир, Бейтыгъэн Рашан сыт щыIэныгъэ игъэзэщIа кьафэр. Абы кьыхэщырт бгырысхэм я лIыгъэри, уардагъэри, бзылъхугъэм хуащ щIэмрэ нэмысымрэ я пIащIэхэр. Адыгэ фащэр зи Iэпкlэлъэпкъ лантIэм екIупс Мадинэ утыкум щигъэльэгъуа образыр ди Iуэрыпуатэм хэт хур пщащэ тхьэIухудым и тепльэм хуэкIуэпст. ЕгъэджакIуэ Iэкlуэльакlуэм, артисткIэ зэчиифIэм и зэфIэкI льагъэхэм кьэпщытакIуэ гупыр имыхьэхуу кьхьэнэт?!

- Зэхьэзэхуэм дыщыкIуэм, пэжу жысIэнщи, абы псоми дащытекIуэу «Дыжьын кьабзийр» кьыщытхуагъэфэщэныр ди гугъакъым, сыту жыпIэмэ зэпеуэм а и саугъэт нэхьащхьэ дыдэр ди республикэм къэзэрыгъэпсэфыпIэ литературэмрэ щезыгъэдж Джангуразовэ Лизэ. ИльэситIкI нэхь дэмыкIыу, ар аргуэру ди егъэджакIуэм кьыдэхэсыгъэфэщащ наIуэ кьыщIащ Iуэхугъунтl: ягъэрауэ, зэпеуэм и кьыдэгъэпщащкIуэхэм нэфIрIей льэпкъ яхэмыльту, щхьэж и зэфIэкI елыитауэ егъэджакIуэхэр кьыдэгъэльэгъуэ; етIуанэрауэ, анэдэлъхубзэмкIэ ди егъэджакIуэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкI льагъэхэмкIэ кьалэпхъуэн Iэщагъэлъ куэд къэралым зэрыщымыгъуэтыныр. Ар гуапэщ икIи лъэр щIэзыгъэкIщ, - Хурым и текIуэныгъэм зрепсэльыкIэ жеIэ Балэ Людмилэ. - Хьэлэмэт хьуат текIуэхэр щагъэльапIэу УФ-м и Къэрал Думэм и хэщапIэм кьыщыщэрагъэпэща зэфыщэхэм. «Методикэ Iэзагъ льагъэ» унэтlныгъэм пашэ зэрыщыхьуам фIэкIа, Iуэхум нэгъуэщI хэдмыщыкIыу декIуэлагъ щхьэ. Сыт хуэдэ гуфIэгъуэрэ дзэжьэгъэрэ диIа «Дыжьын кьабзийр» КъБР-м щыщ егъэджакIуэ Хур Мадинэ Хьэрэйлъ и пхъум худогъафащэ!» - псальэхэр щызэхэтхам. Езы Мадинии дамэ кьыгтекIам хуэдэт. Апхуэдэуи хуабжьу дыщыгуфIыкIащ «Зэреджэ-методикэ» тхылъ комплект нэхьыфIэ унэтlныгъэмкI Конаковэ Любэ пашэ зэрыщыхьуам. А Iуэху дахэхэм дыкIэлыплIыфIыныр КIуэ Иннэрэ сэрэ къыгтхуэзэщIэпэщащ, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгъэуш Адэлбийрэ абы дэIэпыкIуэгъэхъуэмрэ фIыщIэ хэха яхудощ.

Дауи, Хур Мадинэ и текIуэныгъэхэм ягурыгушхуэ республикэм и егъэджакIуэхэри, абы и быхьлыхэри, благъэхэри. СыхэригугъэмкIэ, псом нэхъри я нэхьыбжьыр Мадинэ и екъуIэныгъэхэм щыгуфIыкIащ абы и гъэсэн щыкIуэр, школым кьыщыдэлажьэхэмрэ абы и унафэщIэмрэ.

Анэдэлъхубзэр хьэмэным, абы зегъэужьыным апхуэдэу псэ зэIухакIэ хуэлажьэ егъэджакIуэхэр дыдэрэ гуэгъэщI ди лъэпкъым гъуэгуанэ кIыхь, дахэ хуей зэпеуэхэм, Мадинэ и «Дыжьын кьабзийр» абы и нэщэнэхэм ящыщ зыщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Шэшэн Людмилэрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдэрэ.

Насыпыр зыгуэшхэр

Сабийм и гъащIэм егъэджакIуэм щиIэ мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. ЩIэныгъэ зэрыбгъэдилъхьэм и мызакъуэу, егъэджакIуэм и гъэсэным хьэл-щэн дахэ зыхилъхьэным ялIалIэ, и дуней еплъыкIэм, гупсысэм зрегъэужь, гъащIэм лъагъуэ пэж щыгурегъуэвэным хущIокIу. ЕгъэджакIуэ нэсырщ апхуэдэу щытыфыр - и къару, зэман емыблэжу сабийхэм яхэтыр, зи лэжьыгъэр и щхьэ Iуэхум япэ изыгъэщыфыр. Апхуэдэ егъэджакIуэхэм ящыщщ Шэрэдж куейм хьыхэ Аушыджэр къуажэм дэт курыт школым илъэс 30-м нэсауэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Шэшэн (Урыс) Людмилэ.

ЕГъЭДЖАКIУЭМ Iэзагъышхуэ бгъэдэлъу и дерсхэр зэхэгъэувэ, щэщIауэ кьеГъэсэбэп классщIыб егъэджэныгъэри гупжьыей лэжьыкIэри, IэкIуэлъакIуэу зэхеухуанэ ныбжьыщIэм щхьэхуэу дэлэжьэнри, классспо Iуэхуэхэри. Апхуэдэ Iуэху кьызэгъэпэщыкIэ тэмэмым екъуIэныгъэ пыухыкIахэр кьыпэмыкIуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Людмилэ иригъаджэ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ куу ябгъэдэлъу, ахэр сыт щыгъуи жыджэру, ягъэкIуэ зэхъэзэхуэхэм, олимпиадэхэм. Ахэр хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и ригъэкIуэкIыу щыта «Аслъа жан» зэпеуэм икIи увыпIэкIэр кьыщыхьащ. Абы и гъэсэнхэм яхэтщ я егъэджакIуэм и Iэщ1агъэр кьыхэзыхахэри.

- ЕгъэджакIуэм и зэфIэкIыр кьызэрупщIэ хъунущ Iэмалхэм ящыщу нэхъыщхьэу къызолъытэ абы и гъэсэнхэм яIэ зэфIэкIыр, ныбжьыщIэхэмрэ езымрэ я зэхущытыкIэр, иригъэдж предметым сабийхэр зэрыхущытыр. Абыхэмкlэ екъуIэныгъэшхуэ иIэщ Людмилэ. Абы и гъэсэнхэм адыгэбзэм хуаIэ лъагъуныгъэм, яхэль гъэсэныгъэ дахэхэм кьыбжьIэ я егъэджакIуэр ящыхьуэдэр. Апхуэдэу ар наIуэ кьащI школ унафэщIхэм, егъэджэныгъэмкIэ кьэпщытныгъэхэм кьырикIуэхэмри: Шэшэным и Iуэхэмри: Шэшэным и Iуэхэм: «Шэшэным и егъэджэныгъэм и Iэмалыщ1эхэм сыт щыгъуи лъыхъуэу, нэгъуэщI предметхэм щIэуэ кьыхэхъуэри кIэлъыплIыфIу, ахэр езым еймиригъэIэу мэлажьэ.

МЕТОДИКЭ и лъэныкъуэкIэ Iэзагъышхуэ хэлъу ехуэ абы и урокхэр. Зи лэжьыгъэм хэлъэхьэлэл Светланэ нэхъ Iэмал щхьэпэхэр кьыгъэсбэкIэрэ, сыт хуэдизкIи еджакIуэхэр предметым зэрыдригъэхьэхьанным хэтщ. Личностно-ориентированнэ системэм и метод жыджэрхэр кьеГъэсэбэп. Езым еижщхьэхуэ бгъэдыкьэкIэр и лэжьыгъэм хэпщащэ, сыт хуэдизкIи еджакIуэхэр предметым зэрыдригъэхьэхьанным хэтщ. Личностно-ориентированнэ системэм и метод жыджэрхэр кьеГъэсэбэп. Езым еижщхьэхуэ бгъэдыкьэкIэр и лэжьыгъэм хэпщащэ, сыт хуэдизкIи еджакIуэхэр предметым зэрыдригъэхьэхьанным хэтщ. «Сабийхэм яIэ критическэ гупсысэкIэм зегъэужьын» технологиещIэр лэжьыгъэм хэпща хуэныжьыкIэ гъэжьагъэ зэрыгъэужьыр. ЕджакIуэ цыкIуэхэр егъаса Iуэхуэгъэ гуэрхэм кIэлъыплъыфу, къыхэтэфу, зэрагъэпщэфу, я ешIыкIэхэр къыгъэлъэпIэн, гъэсэныгъэ къыгъэлъэпIэн, гъэсэныгъэ къыгъэлъэпIэн, гъэсэныгъэ къыгъэлъэпIэн, я ешIыкIэхэр ящыщу зыщытыр. Апхуэдэ бгъэдыкьэкIэхэр егъэджэныгъэм нобэрей зэманым къыхуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Светланэ и лэжьыгъэр фIы дыдэу ухуа зэрыхуэм и щыхьэр еджакIуэхэм дауи ящыщ. Я бынхэм сыт и лъэныкъуэкIи къыхуэсакъ, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ къудей мыхьуу, анэ етIуанэ къыхуэхьу Аринэ и лэжьыгъэр, Iэдэбгъащ, гу къабзагъыр зигу дыхьэ адэ-анэхэм абы фIыщIэ хуащI, щытхъу псальэхэр хужаIэ.

НЭщIэпыДЖэ Замирэ.

Мухьдин ныбжьыщIэ 36-рэ и гъусэу Аушыджэр тхьэмахуэкIэ щыхьэщIащ. Адыгэу щыIэм я Хэкужь Къэбэрдей щIыналъэм щызекIуэ, нэхъыжьхэм щахуэлажьэ хабзэхэм, ди къуажэдэхэм я псэукIэщIэкIэм, гупсысэхэм, щэнхабзэм нэхъ гъунэгъуу зыщагъэгъуэзэну, езыхэм я лэжьыгъэм ахэр лъабжьэ хуащIын мурад зиIэхэм ещ имыщIэу ядэлэжьащ ШэшэнырI. Абыхэм яригъалъэгъуащ ди анэдэлъхубзэм, лъэпкъ хабзэм щIэблэм хуащI пщIэр, гулыитэр. ЕмыкIу къыумыхьу ахэр утыку кьыпхъэфын папщIэ, зэфIэкIышхуэ уиIэн хуейщ. АтIэ а псор къыкъуэкIащ Людмилэ икIи Iуэхур екIуу зэфIихащ.

Апхуэдэ и зэфIэкIхэмкIэ егъэджакIуэр ядогуаша и лэжьыгъэхэмри нэгъуэщI куейхэм я школхэм адыгэбзэр щезыгъэджхэми. Людмилэ илъэси 10-м щIигъуауэ и унафэщIщ ШэрэдждэкIуэм и адыгэбзэр щезыгъэджхэм я зэгухьанымгъэм. Апхуэдэу ар хэтщ еджакIуэ нэхъыфIхэм я лэжьыгъэхэр къэзыпщытэ республикэпсо комиссэм, «Си бзэ - си псэ, си дуней» щIыналъэпсо фестивалым и къызэрэпэщащкIуэ гупым.

- Си лэжьыгъэм нэхъыщхьэ дыдэу къыщыслъытэр щIэблэр зэкуэпсэу, я анэдэлъхубзэм, хабзэм пщIэ хуащIу гъэсэныгъэ, щIэныгъэ кIуэ, щIэныгъэ ящыщу яIэ увыпIэр къахьащ Щыдакъ Рокчанэ (Инарыкьуей къуажэм дэт курыт школ №1), Сонэ Iэсиет (Къармэхьэблэ къуажэм дэт курыт школ №1), Къасым ФатIимэ (Аушыджэр къуажэм дэт курыт школ).

УрысыбзэкIэ, бабъхьарыбзэкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм ныбжьыщIэхэр къыщеджащ усакIуэм и Iэдакъэщ1экIыу зэрадзэкIаэм. УрысыбзэкIэ уэ кьеджажэм ящыщу апэ увыпIэр кьахьащ Пщыхьэщ1э Каринэ (Къубэ-Тэбэ къуажэм дэт курыт школ №1), Геккиевэ Лаурэ (Тырныауз къалэм дэт гимназие №5), Болэ Аслъэн (Плановскэ къуажэм дэт курыт школ №2). Щоджэнщ1ыкIу Алий и усэхэу балъкъорыбзэкIэ зэрадзэкIаэм кьеджа гупым пашэ щыыгъуэхэщ Текуевэ Эльвирэ (Гупрэ зэпеуэм къуажэм дэт курыт школ №2), Ахмедовэ Залинэ (Нейтринэ жылэм дэт курыт школ), Жангуразовэ Аминэ (Бабугент къуажэм дэт курыт школ). Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа щыхьэ щоджащэм теухуа фэеплъ усэхэм Iэзэу кьеджауэ якъалъэтащ Шорэ Жаннэрэ (Зеинкъуэ къуажэм дэт курыт школ №3) Шыкъ Каринэрэ (Аушыджэр къуажэм дэт курыт школ).

Иджыпей технологиехэм я Iэмалхэр кьэзыгъэсэбэпурэ усэ кьеджахэм я зэфIэкIыр щхьэхуэу кьыщалъытащ зепеуэм. А гупым ящыщу Аушыджэр Iейтринэ жылэм дэт курыт школым и еджакIуэ Мэжджыхь Азрэтрэ (адыгэбзэкIэ) Инарыкьуей къуажэм дэт курыт школым щеджэ Пэнагуэ Залымрэ (урысыбзэкIэ) ягъэхьэзырахэр.

Щоджэнщ1ыкIу Алий и гъащIэм, кьызэринэкIа творческэ гъэгуанэ купщафIэм щыщу зыри кьамыгъэна кьыпфIэщIырт, еджакIуэхэм я лэжьыгъэхэм ущеплъыкI. УсакIуэщхуэм теухуа дэтхэнэ зыкьэгъэльэгъуэныгъэри икъукIэ удэхьэхьэхт икIи купщафIэт. Зэпеуэм и кIэухыу кьэпщытакIуэ гупым я пашэ Бекъан Масирэт фIыщIэ яхуищащ абы хэта псоми икIи еджэным, гъащIэм екъуIэныгъэ щIалэну екъуэхъуащ.

ТАМБИЙ Линэ.

Усакlуэ щэджащэм и фэеплъыр яхъумэ

Анэдэлъхубзэр щIэблэм зэрыпрагъащIэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным, сабийм и бзэр дихьэхыу егъэджэным, лъэпкъым бгъэдэль пэкупсэ кьуделагъым ар ешэлIэным, и хабзэр, тхьыдэр фIэгъэщIэгъэну зригъэщIэным хуоцащхьэ илъэс 13 лъабгъэр ди щыналъэм щекIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр.

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭ» газетымрэ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ здэдрахьжьауэ щыта а Iуэху дахэм мы зэманым унэтlныгъэ куэд иIэ хъуащ. Абыхэм ящыщщ ди щыналъэм и тхакIэ, усакIуэ щIэрыIуэхэм, я творческIэхэм ятещIыхьа къеджакIуэгъэхэр. Зэпеуэм мыгъэрей и япэ зэхуэсыр траухуащ адыгэ усакIуэ щоджащэ Щоджэнщ1ыкIу Алий и гъащIэмрэ литературэм. Иджыблагъэ ар щекIуэкIащ Бизнесымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым.

Щоджэнщ1ыкIум и творческIэм дихьэх ныбжьыщIэ куэд щызэхуэсат а махуэм еджапIэм. Ахэр усакIуэшхуэм и Iэдакъэщ1экI зэрыгъэжьэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ Iэзэу кьеджащ, бзэхэм я пэрыуагъыр, дахагъыр псэкIэ зэрызыхащIэр нэрылъагъуу, езыхэм я утыку итыкIэри ябгъэдэлъ Iэзагъри кьагъэльагъуэу. Ныбжьыщ1эхэм я зэфIэкIыр здынэсыр кьапщытащ анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэ цIэрыIуэхэу Бекъан Масирэт, Шыгушэ Хьэбас, Елмэс Луизэ, Хьэрэдурэ Эммэ, Шэшэн Людмилэ, Мэремыкьуэ Жаннэ сымэ, нэгъуэщIхэмри.

Зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр хуагъэфэщащ еджакIуэхэу Кьаныкъуэ Алихъан (Бахьсэн кьалэм дэт курыт школ №6), Рахаевэ Дианэ (Безенги кьуажэм дэт курыт школ), КIущ Каринэ (Псыгунэсу кьуажэм дэт курыт школ №3) сымэ. Щоджэнщ1ыкIу Алий и усэхэм адыгэбзэкIэ кьеджажэм ящыщу япэ увыпIэр кьахьащ Щыдакъ Рокчанэ (Инарыкьуей къуажэм дэт курыт школ), Сонэ Iэсиет (Къармэхьэблэ къуажэм дэт курыт школ №1), Къасым ФатIимэ (Аушыджэр къуажэм дэт курыт школ).

УрысыбзэкIэ, бабъхьарыбзэкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм ныбжьыщIэхэр къыщеджащ усакIуэм и Iэдакъэщ1экIыу зэрадзэкIаэм. УрысыбзэкIэ уэ кьеджажэм ящыщу апэ увыпIэр кьахьащ Пщыхьэщ1э Каринэ (Къубэ-Тэбэ къуажэм дэт курыт школ №1), Геккиевэ Лаурэ (Тырныауз къалэм дэт гимназие №5), Болэ Аслъэн (Плановскэ къуажэм дэт курыт школ №2). Щоджэнщ1ыкIу Алий и усэхэу балъкъорыбзэкIэ зрадзэкIаэм кьеджа гупым пашэ щыыгъуэхэщ Текуевэ Эльвирэ (Гупрэ зэпеуэм къуажэм дэт курыт школ №2), Ахмедовэ Залинэ (Нейтринэ жылэм дэт курыт школ), Жангуразовэ Аминэ (Бабугент къуажэм дэт курыт школ). Адыгэ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа щыхьэ щоджащэм теухуа фэеплъ усэхэм Iэзэу кьеджауэ якъалъэтащ Шорэ Жаннэрэ (Зеинкъуэ къуажэм дэт курыт школ №3) Шыкъ Каринэрэ (Аушыджэр къуажэм дэт курыт школ).

Иджыпей технологиехэм я Iэмалхэр кьэзыгъэсэбэпурэ усэ кьеджахэм я зэфIэкIыр щхьэхуэу кьыщалъытащ зепеуэм. А гупым ящыщу Аушыджэр Iейтринэ жылэм дэт курыт школым и еджакIуэ Мэжджыхь Азрэтрэ (адыгэбзэкIэ) Инарыкьуей къуажэм дэт курыт школым щеджэ Пэнагуэ Залымрэ (урысыбзэкIэ) ягъэхьэзырахэр.

Щоджэнщ1ыкIу Алий и гъащIэм, кьызэринэкIа творческIэ гъэгуанэ купщафIэм щыщу зыри кьамыгъэна кьыпфIэщIырт, еджакIуэхэм я лэжьыгъэхэм ущеплъыкI. УсакIуэщхуэм теухуа дэтхэнэ зыкьэгъэльэгъуэныгъэри икъукIэ удэхьэхьэхт икIи купщафIэт. Зэпеуэм и кIэухыу кьэпщытакIуэ гупым я пашэ Бекъан Масирэт фIыщIэ яхуищащ абы хэта псоми икIи еджэным, гъащIэм екъуIэныгъэ щIалэну екъуэхъуащ.

Иджыпей технологиехэм я Iэмалхэр кьэзыгъэсэбэпурэ усэ кьеджахэм я зэфIэкIыр щхьэхуэу кьыщалъытащ зепеуэм. А гупым ящыщу Аушыджэр Iейтринэ жылэм дэт курыт школым и еджакIуэ Мэжджыхь Азрэтрэ (адыгэбзэкIэ) Инарыкьуей къуажэм дэт курыт школым щеджэ Пэнагуэ Залымрэ (урысыбзэкIэ) ягъэхьэзырахэр.

Щоджэнщ1ыкIу Алий и гъащIэм, кьызэринэкIа творческIэ гъэгуанэ купщафIэм щыщу зыри кьамыгъэна кьыпфIэщIырт, еджакIуэхэм я лэжьыгъэхэм ущеплъыкI. УсакIуэщхуэм теухуа дэтхэнэ зыкьэгъэльэгъуэныгъэри икъукIэ удэхьэхьэхт икIи купщафIэт. Зэпеуэм и кIэухыу кьэпщытакIуэ гупым я пашэ Бекъан Масирэт фIыщIэ яхуищащ абы хэта псоми икIи еджэным, гъащIэм екъуIэныгъэ щIалэну екъуэхъуащ.

ТАМБИЙ Линэ.

Iуэху зехьэкIэ пэрыт

Урожайнэ къуажэм дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щезыгъэджа, МетодикIэ щыщ щIигъуэуэ мэлажьэ Хьэгъур Светланэ Астемыр и пхъур. Ар категорие нэхъыщхьэ зиIэ егъэджакIуэ, мутодикэ щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я авторщ. Светланэ егъэджэныгъэм и Iэмалыщ1эхэм сыт щыгъуи лъыхъуэу, нэгъуэщI предметхэм щIэуэ кьыхэхъуэри кIэлъыплIыфIу, ахэр езым еймиригъэIэу мэлажьэ.

МетодикIэ и лъэныкъуэкIэ Iэзагъышхуэ хэлъу ехуэ абы и урокхэр. Зи лэжьыгъэм хэлъэхьэлэл Светланэ нэхъ Iэмал щхьэпэхэр кьэгъэсбэкIэрэ, сыт хуэдизкIи еджакIуэхэр предметым зэрыдригъэхьэхьанным хэтщ. Личностно-ориентированнэ системэм и метод жыджэрхэр кьеГъэсэбэп. Езым еижщхьэхуэ бгъэдыкьэкIэр и лэжьыгъэм хэпщащэ, сыт хуэдизкIи еджакIуэхэр предметым зэрыдригъэхьэхьанным хэтщ. Личностно-ориентированнэ системэм и метод жыджэрхэр кьеГъэсэбэп. Езым еижщхьэхуэ бгъэдыкьэкIэр и лэжьыгъэм хэпщащэ, сыт хуэдизкIи еджакIуэхэр предметым зэрыдригъэхьэхьанным хэтщ. «Сабийхэм яIэ критическэ гупсысэкIэм зегъэужьын» технологиещIэр лэжьыгъэм хэпща хуэныжьыкIэ гъэжьагъэ зэрыгъэужьыр. ЕджакIуэ цыкIуэхэр егъаса Iуэхуэгъэ гуэрхэм кьыплъыфу, къыхэтэфу, зэрагъэпщэфу, я ешIыкIэхэр къыгъэлъэпIэн, гъэсэныгъэ къыгъэлъэпIэн, гъэсэныгъэ къыгъэлъэпIэн, гъэсэныгъэ къыгъэлъэпIэн, я ешIыкIэхэр ящыщу зыщытыр. Апхуэдэ бгъэдыкьэкIэхэр егъэджэныгъэм нобэрей зэманым къыхуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ. Светланэ и лэжьыгъэр фIы дыдэу ухуа зэрыхуэм и щыхьэр еджакIуэхэм дауи ящыщ. Я бынхэм сыт и лъэныкъуэкIи къыхуэсакъ, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ къудей мыхьуу, анэ етIуанэ къыхуэхьу Аринэ и лэжьыгъэр, Iэдэбгъащ, гу къабзагъыр зигу дыхьэ адэ-анэхэм абы фIыщIэ хуащI, щытхъу псальэхэр хужаIэ.

НЭщIэпыДЖэ Замирэ.

Япэ егъэджакIуэ

ЦIыхум и гъащIэм увыпIэшхуэ щызыIыбыдхэм ящыщщ и япэ егъэджакIуэр. Абы сабийм бгъэдилъхьэ щIэныгъэрэщ, гъэсэныгъэрэщ ныбжьыщIэм гъащIэм щыпхьащIыну ди къэм гъаблэм хуэхьэр. И IущIагъэм и пщэ кьыдилъхьэ жэуаплыныгъэр нэсу зыхищIэу мэлажьэ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт прогимназие №1-м и пэщIдзэ классхэм щезыгъэджа Бзэрэгъун Анриэ Зубер и пхъур.

ЗЭРЫЦIыкIУ гъандэрэ зыщIэхъуэпс IэщIагъэм хуеджэну Аринэ 1990 гъэм щIэтIысхьащ Налшык къалэ дэт педучилищэм. Ар кьиуэ, Тэрч къалэ дэт школ №3-м лэжьэн щыщIидзащ, нужьыкIэ Налшык дэт сабий гъэсапIэ №59-нэм, итIанэ курыт еджапIэ №28-нэм щылажьащ. Кьыхиха IэщIагъэм нэхъри зригъэужьу, егъаджэныгъэ, гъэсэныгъэ гъэжьыгъэм сыт щыгъуи щIэгуэр зэрыхихьэхьэным пылъу Дзэлыкъуэкъуажэ дэт прогимназием 2000 гъэ лъандэрэ щоцIажьэ. Псори дыдэса егъэджакIэркъым абы кьигъэсэбэпыр, атIэ дэтхэнэ сабийми бгъэдэль творческэ Iэзагъым зегъэужьыныр зи лъабжьэ методикэ щхьэхуэкIэ мэлажьэ.

- Дызытетыпхъэу кьыгтхуагъэув мардэхэм зэи арэзы сыкьащIыщIэтэкъым, - жеIэ Аринэ. - Абы ипкъ иткIэ, программэ щхьэхуэ зэхэсгъэхьажьэ сролажьэ. Апхуэдэ методикIэм кьыдэкIуэ фIыр занщIэу ядыбобгъагъу сабийхэм. Дзэлыкъуэкъуажэ дэт прогимназие 1-м гъэжьэн щыщIэдзагъащIэм хуабжьу сфIэгъэщIэгъэнэт сызыхьэха ныбжьыщIэхэм я зэчиифIагъэмрэ, гупсысэкIэ зэхьэзэмэт яIэу зэрыщыгъэ. КьыызэрыщIэкIамкIэ, абы щылажьэхэр зытеха ягъэджэкIэщIэм (Занков Л.В. и дидактикэ хуэхьIэр) кьыпэкIуауэ арат ныбжьыщIэхэм кьагъэльагъуэ зэфIэкIыр. Хуабжьу сигу ирохь ар. Япэрауэ, сабийм щыгъуэ ныбжьыщIэхэмкIэ, гъэсэныгъэ зегъэгъэтынымкIэ Iэзагъым зрегъэужьыну Iэмалыфщ, етIуанэрауэ, ныбжьыщIэм и творческэ Iэзагъым зрегъэужь.

И екъуIэныгъэхэмкIэ, езым и лэжьыгъэ кьыызэрыгъэхьэмкIэ адрейхэм ядэгъэщIу Бзэрэгъунрэ куэдрэ къыщопсалъэ районым, республикIэм я егъэджакIуэхэм я зэхуэсхэм. Абы и чэнджэщ куэд гъуазэ яхуэхъуащ кьыдэлажьэ егъэджакIуэхэм.

Аринэ и нэIэ щIэт сабийхэм зэрадзлажьэр псальэкIэ кьыпхуэмыIуэтэным хуэдизу гъэщIэгъэнщ. Зы сабий гупыгтэнщэ ящI кьыщIэжьынкъым абы, дэтхэнэми бгъэдэль пхъыныгъэм апхуэдизкIэ хуэнафдзэгубзапIэщ. Дуней-рекIуэнкIэ фестивальэпеуэм. КьэпщытакIуэхэм ягу кьинэжа урок зэIухат 4-нэ классым адыгэбзэмкIэ щита дерсыр.

Программэм и лейуэ Аринэ кьызэригъэпэщ класс щыIэ пэжыгъэхэр хуабжьу сэбэп нэхъыщ щIэблэр зэхэта лъэпкъым хуэфащэу кьэгъэхъуныкIэ, гъащIэм кьыщыхьу Iуэхугъуэхэр зэпкрахьфу есэныкIэ. Аринэ зэи блигъэкIыжьырэ кьаралым щагъэтlапIэ махуэшхуэхэм теухуа дерс щхьэхуэхэр иныту, ди лъэпкъым, адыгагъэм ехьэлIа класс щыIэ лэжьыгъэхэр иримыгъэкIуэкIыу.

ИльэС 18-м нэблэгъащ Бзэрэгъун Аринэ гуроп псэкIэ кьыхиха IэщIагъэм зэрыпэрытрэ. И кьалэныгъэм щыщу зы мэскьал хуэщIэн зэрымыгъэтIылъкI егъэджакIуэм и лэжьыгъэм гу кьыпIамытэу кьэнакьым. Щэблэр гъэсэныгъэ, егъэджэным щиIэ екъуIэныгъэхэм папщIэ абы мызэ-мытIуэ кьыхуагъэфащащ Егъэджэныгъэмкlэ Дзэлыкъуэ район кьудамэм кьыбгъэдэкI щыIхь тхылъхэр. 2003 гъэм ар хъуащ япэ категорие зиIэ егъэджакIуэ.

Абыхэм нэхърэ нэхъ лъапIэжу кьыщIэкIынщ егъэджакIуэ Iэзэм адэ-анэхэр кьызэрыхуэрэзыр. Я бынхэм сыт и лъэныкъуэкIи къыхуэсакъ, егъэджакIуэ, гъэсакIуэ къудей мыхьуу, анэ етIуанэ къыхуэхьу Аринэ и лэжьыгъэр, Iэдэбгъащ, гу къабзагъыр зигу дыхьэ адэ-анэхэм абы фIыщIэ хуащI, щытхъу псальэхэр хужаIэ.

НЭщIэпыДЖэ Замирэ.

ЩIэныгъэщIэр зыгъэхьэзырыр ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэ ку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Лыр нэхъ пуд, аркъэр нэхъ льапІэ мэхъу

Иджы дыдэ сыщІэлъэдащ куэдрэ сыщыщахуэ тыкуэным. УасэщІэхэр кІэралъхьэрт щІакхъуэхэр зытелъ дапхъэхэм, Зэуэ зы сомрэ ныкъуэрэ щІагъуащ. Си япэ ита фЫзыжьыр щыгубкыным. «ГъэмахуэрэуэгъуэуЫ щытащ», - кІиащ сатуущым.

А псалъэхэр дэ зэпымыууэ щызэхыдох ерыскъыщапІэхэм: гъавэр кьыдэхъулІакъым, абы кьыхъэкІыуи щІакхъуэм и мызакъуэу, нэхъ льапІэ хъунущ лыри, гъэшхэкІэхри, н.кь. Ар пэжрэ мыпжрэ зэхигъэкІыну яужь ихьащ ди газетыр.

ГУРЫІУЭГЪУЭЩ мэкъумэшыщІэхэм я дежкІэ мы гъэр тыншу зэрыщымытар. Гъавэу кьраухэлІар тонн мелуан 71-рэщ, нэгъабэрэ тонн мелуан 90-м и пІэкІэ. Дауи, апхуэдэ щытыкІэм ижь уасэхэм ськащимыхункІэ Іэмал иІэкьым.

Щхьэлхэмрэ курпІэ щагъэхьэзыр щхуэщІапІэхэмрэ я урысейпсо зэгухэзнытьым и Іэтащхьэ Гуревич Аркадий и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, щакхъуэгъэжьапІэхэм а ерыскъым и уасэм процент 20-кІэ зыщИэтынущ. Абы щыгъуэми, зыми жиІэфынукъым сатуущхэм абы щІагъужьнур зыхуэдизыр.

Уегупсас зэрыхъунумкІэ, лыри нэхъ льапІэ хъун хуейщ, Іусупхьэхэм я уасэхэри дэкІуеинущи. Арщхьэкіэ Льэпкъ лы зэгухэзнытьым и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Юшин Юрий апхуэдэу кьиІытэркъым.

- Іусупхьэхэмрэ лымрэ я уасэхэр заншІэу эзпыщІауэ щытткъым. Аэр псом япэу зэлъытар кьэлэжьыпщІэр зыхуэдизырщ, - жиІэ Юшиным. - Джэдыдлымрэ кхъуэлымрэ я кьэлэжьыпщІэм процент 30-кІэ зиІэтащ, арщхьэкІэ тыкуэнхэм ар щхьыкІэпщІэркъым. ЩІэупщІэр зыхуэдизырщ уасэхэр зытелъ Іыхьар. Лыр куэдмэ, абы и уасэр ехуэхынущ, Іусупхьэр сыт хуэдизу льапІэу щымытами.

Мы гъэм лыр тонн мин 700-кІэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, процентри 10-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэ ельытауэ. Псори дэ тхуэшынукъым. Ар кьагуроІуэ лы зыщІэхэми. А щхьэусыгъуэм кьыхэкІыу, уасэхэм зрагъэІэтыркъым. Уеблэмэ кхъуэлыр нэхъ пуд мэхъу - нэхьапэм зы килограммрэ сомри 140-рэ и уасэт, иджы сомри 119-кІэ богъуэт, - кьехь щапхъэ Юшиным.

- Кхъуэлым иришэхыну кьыщІэкІынущ джэдылми быльымылми я уасэхэр, - пещэ Іэщ1агъэлым.

Зэкіэ я пІэ итщ гъэшхэкІэри - иІьэсри иухыху абыхэм я уасэхэм зэрыэаІэтынур инфляцэм и псынщІагъым (Экономикэ зыужьынигъэмкІэ министерствэм къыджиІэхэм ятепщІыхьмэ, процентэ 7 хуэдизым) щхьэдэхьнукъым, - кхъыкегъэщхьэхукІ Гъэшхэкіэхэр, н.кь. Ар пэжрэ мыпжрэ зэхигъэкІыну яужь ихьащ ди газетыр.

● Уасэхэр

Щхьэблэ щхьэрыуа

Совет империер зэрызэтещхьам и Іэужьхэр Урысейм кьыщыязэринэкІ льэхъэнэм цІыхухэр йогупсыс: сыт атІэ блэкІам щыщу къэнар? Сыт хуэдэ къэрал дэ дыщыпсэур? Дыздэкіуэр дэнэ? ДызыхущІэкъур сыт?

АПХУЭДЭ гупсысэхэр щІэкъым. Бэлыхь инхэм хэта къэралхэм я цІыхухэм зэгуэр зыкъащІэж, я зэхэщІыкІыр зэтес мэхъуж. ИтІанэ къогушхуэри, фІыдэ Іейри зэхагъэкІыфу иосэж.

Хэку зауэшхуэм и ужькІэ Урысейр хэтакъым нэгъуэщІ зауэ. Арщхьэкіэ XX лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм ди цІыхухэр зыхэхуа хьэлэбэлыкъэхэр зауэ дыдэм ебгъапщэ хъунущ. ЩІыналъэшхэр дыдэхэр яфІэкІуэдащ, цІыху бжьыгъэм кІэрыхуащ, промышленностыр етІысэхащ, Іуэхухэр зэхэзэрыхьащ. Путин Владимир «СССР-р зэрыпъэльэжар XX лІэщІыгъуэм къэхъуа насыпынщагъэ ин дыдэу» кьилытэныр къыдэхэкІари аращ.

Урысейр мы зэманым зыхэт Іуэхухэр зыгуэркІэ ебгъапщэ хъунущ япэ дунейпсо зауэм и ужьым Европэр зэрита щытыкІэм. Мис а зэманырщ «щІэблэ щхьэрыуа» псалъэхэр къыщежьари.

Зыри яфІэмыІэфІыжу

СОВЕТ цІыхухэр «щІэблэ щхьэрыуа» зэрыщыІэм щыгъуазэ хъуащ Хрущев и зэманым къуэкъэпІэ литературэр ди къэралым кьихьа ижь. Япэ дунейпсо зауэм и бэлыхь псори зыгъэва цІыхухэр я унэхэм екІуэпІэжат уІэгъэхэу, фІэщхъуныгъэ гуэри яхэмылъыжу, гукъыдэж мяІэу. Ягъэззэжа ижь, ахэр ирихьэлІэжащ зэхэжьутэнкІэхэм, фжъыраГъэм, цІыхугъэр хэутэн зыщІхэм. Пэжщ, ахэр зауэм кьелащ, ауэ яфІэкІуэдащ гъащІэм хуаІэ гухъыдэжыр. «ЩІэблэ яфІэкІуэдам» зыри кьыфІэмыІуэжьу, политикэм зыпыуидз хъуащ. АпхуэдизкІэ «зызэгурГэнщхьатим», фашизмэр хуэмурэ кьызэрыкІуэр яльэгъуакъым. Апхуэдэ цІыхухэр псэуми, зауэм хэкІуэда пэмытэт. АтІэ Путиным зи гугъу ищІа насыпынщагъэ ин дыдэм кьызэфІигъэщІа, зи гурыщІэхэри гугъапІэхэри хаута цІыху гукъыдэжьышхэхэр Урысейм щымыІэу пІэрэ? ЗэрызэрыІуэгъэущи, щыІэщ. ИкІи ахэр куэд дыдэщ. Илъэс 20 хуэдизкІэ Урысейм и цІыху мелуанхэр ящІащІ кьыхэдзауэ екІуэкІащ. Гупсысэ псори зыхуэгъэзар я унафэгъэр зэрагъэзэнырт, сабийхэр зэрахэупэнырт, ахэр ещанІэм зэрагъэкІуэнырт, фадэм итхьэкъуэ ялІхэр зэтрагъэнырт, цІыхухэр зыхьпэуэ уэрамхэм дамыгъэхьэнырт. Куэдыр ноби хэтщ апхуэдэ бэлыхьхэм. Кьулейсысыгъэм кьыхэкІыфакъым цІыху мелуанхэр. Упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыхуейм зи хэхъуэхэмкІэ лъэмыІэс цІыхухэм я бжьыгъэм 90 гъэхэм льандэрэ хэдитІ хэщІами, ирыбарі ахэр процентри 10 мэхъу. Правительствэ Іэхуэщ1апІэхэм къулыкъу цІызыщІэхэм иджыблагъэ ятхащ «АфІэкІа къыумыгъэзэж, факъыгарГэ» докладыр. А кьулыкъущІэхэр махуэм зэхуэдоллари 2-3-м иризгъэпсэуэрэт. Апхуэдэ хъыбарыфІхэр зэхуаІуэтэн папщІэ, ахэр пщыхьэщхьэкІэ здэкІуэ кафе зыкъиэхъэм долларитІкІэ зыри къыщыпхуэщэхунукъым.

Зыкъащ1эж

АУЭ ИТІАНИ урысейхэм я нэхъыбэр гугъуэхь инхэм къыхэкІащ. Пэжщ, кьулейсысыгъэр иджыри щыІэщ, ауэ ар ягъэрейм хуэдизкъым, гукъыдэжьнишэ, зыри уфІэмыІэфІыж узыщІкъым. Урысейм и кьалэ зыбжанэм мыарэзыуэ къыдыхьэхэм сыт хуэдизкІи уеПль хъунущ. Ауэ мыбы гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкьым: абыхэм дывгъашхэ жаІэркъым, атІэ кьагъэувыр захуагъэ зыхэлъ хэхъыныгъэхэр ирагъэкІуэкІынырщ, езыхэм я хуитныгъэхэм пщІэ кьыхуащІынырщ, зэхуэдэзнигъэрщ.

Ар хьарзынэщ. Щ1эхьарзынэри къэралым льэпкъ зэхэщІыкІыр зэрыщІэзэбІуэвэжьм щыхьэт тохъуэри аращ. Къэралым папщІэ псоми зэхуэдэ жуаП зэрахьыр къаэзэрыгуэрыІуэм щыхьэт техъуэ ялэ ПлакъыкъуэЯч кьудейщ. Социологхэм я къэхутэныгъэхэм кьагъэзІащ уиджыри зэрыкъэзІуэ зэрыдзэкъуэмытыр. Ябгъэдалъэ мылькур зыхуэдизымкІэ хуабжьу зэрызэщхьэщыкІам и зэрранкІэ, цІыхухэр зыхуэйр зэтехуэркъым. Языныкъуэхэм демократиер, цІыхум и хуитныгъэхэр я фІэщ мэхъу, ЕвропэмкІэ йоІэ. Адрейхэм Ленинымрэ Сталинымрэ я сурэтхэр яІыгъщ, къэралым хабзэ ткІийхэр щагъэувыжыну зэманыр къыщІысыным полплъ. Ещанэхэм ахъшэ фІэкІа нэгъуэщІ плъапІэ яІэкъым икІи къэралым и мылъкухэр напэншагъэ хэпъу зэхадыгъуэ.

«Правда» газетым фІэфІт итхьи: «Ди цІыхухэр жырым хуэдэу быдзу зэкъуэтщ». Апхуэдэ щІэжьжьым. ЦІыхухэр щІызэгурыІуэм куэд къыщохъу ди ГъащІэм. Властыр хущІокъу цІыхухэр зэкъуэгрыуэзну. Ауэ абы ар къэзэрехъупІэ щІэлэкъым. ВЦОИМ-м кьитахэм ятепщІыхьмэ, ми зэманым урысейхэм я процент 23-рщ зы пъэпкъым щыщ цІыхухэу зыкъэзэпытыныгъэм и махуэу Кремлым игъэзар зигу ирихьыр зэупщІахэм я процентн 5 кьудейрщ.

Кьыщ1ежьыхьулІэм и щхьэусыгъуэщ къэралым и къэкІуэнри зытрищІыхьыну лъабжьэр езы властим зэримыщІэр. Демократиера, цІыхум и хуитныгъэхэра, законра? Ар узыгъэпІейтейщ: цІыхубэм законыр и фІэщ хъууэ абы тетын хуейуэ кІыгъэувынкІэ зыхуэІуа щІыхьэм. Ятэ щапхъэ къызытрахынр? Европэра? Виэантиера? Китайра? Властым и мураду ещхьпфІщІ езым къыхиха гъуэгум ирикІуэну. Славян папщІэ зытет Урысей ауэхуну хущІэкъуурэ, гуфІэгъуэ махуэщІэхэр егъэув: зэм патриотизмэм и джеІэ зегъаз, зэми «дин фІэщхъуныгъэм, пащтыхьым, хэкум» трегащІэ. Коммунистхэм я зэманым ящыгъупщэжауэ щыта «тхыдэ Іуэху ин дыдэхэр» ягу кьагъэкІыж. Кьэзакъ зэщыхэрэпкъэзар узрамхэм кьыдагупщхьэ.

Идеологиер кьебэ-небэщ. «Левада-центр»-р иджы иужьу цІыхухэм зэреупщІам кьагъэльагъуэ абыхэм властым и лэжьыгъэр фІыуэ къызэрамыльытэр. Пэжщ, урысейхэр ирогушхуэ я тхыдэм (процент 80-р). Арщхьэкіэ псэуныгъэ и льэныкъуэкІэ захуагъэрэ зэхуэдэныгъэрэ зэрящыщыкІэ нэхъыбэр зэрязыкъым. Урысейм «Іуэхухэр зэрыщІэзэрыкъ щІыкІэм» ироукІытэ зэупщІа дэтхэнэ етІуанэри.

Урысейхэм я щІэблэр идеологие гъэсэныгъэм пхуещалІэркъым. КуэдыІуэрэ кьагъэпцІащ, зыри кьыхэзрымыкІ икІи купщІэншэ псалъэ тарэфарэхэр ящыгъуащ. Урысейхэр зыхуейр Іуэху ящІыпльагъущ. Ар унафэщІэм яхуэзэфІэкІыну пІэрэ?

КОСТИКОВ Вячеслав.
«Аргументы и факты».

● Ингуш

Арсамаковым тогушхуэ

Ингушым и Іэтащхьэ Евкуров Юнус-Бек республикэм и правительствэм и унафэщІым и кьуэдзэр нэхъапэм зэи зыми кьымыгъэсэбэпа Іэмалкіэ игъэувауэ жаІэ.

АР ПЭЖЩ, къыщыхъуари правительствэм и зэГуэщІэрщ. Зэхьихэр щыІэхуищІыжым, Евкуровыр щІэупщІащ зыри пэмыплъауэ: «Фэ къыфхэт правительствэм и вице-премьер хъуну хуей?» Псоми зауэщхуащ. Іэ зыІэтар зы цІыхущ. Ар спортымкІэ министрым и кьуэдзэ Арсамаков Ахьмэду къыщІэкІащ.

УФ-м и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущ1апІэм кьыІэритамкІэ, Евкуровым правительствэм и унафэщІ Чилиев Муса занщІэу кьалэн щищІащ вице-премьерыщІэм ильэс ныкъуэ пІалъэкІэ зэгурыІуэныгъэ ирищІыЛэну. Мазих дэкІмэ, абы и лэжьыгъэр зыхуэдэр кьалъытэнущ икІи зэгурыІуэныгъэр якъутэжьыным е абы ІэнатІэр ирагъэІыгъыным унафэ тращІыхьынущ.

КОЗЛОВ Андрей.
«Аргументы и факты».

● Ищхъэрэ Къэрэшей-Щэрджэс

Ищхъэрэ Къэрэшей-Щэрджэсым и Парламентым и Президиумыр

Ищхъэрэ Къэрэшей-Щэрджэсым и Парламентым и Президиумыр зэхэщІащ. Президиумым и унафэщІ Ищхъэрэ Къэрэшей-Щэрджэсым и Парламентым и депутат Ищ1ан Мурат.

● Сирие

Олланд Франсуа

Дамаск емыкІуу къелъытэ Франджым илэжьар

Франджым Сирием зыкъыщызыІэта революцэ къаруухэр къиІытащ а къэралым и унафэ зыщІыну зыхуэфащэхэу. Аэращ Сирием пІалъэкІэ иІэну правительствэр къыхэзгъэпэщынури. Ар жиІащ Франджым и президент Олланд Франсуа. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, Асад Башар Іэщ1эрахъэм Іэщэ яратинущ. Нэхъапэмэ Париж сирие оппозицэм ахъшэкІи нэгъуэщІ гуэрхэмкІи дэІэпыкъуэ щытащ. Арщхьэкіэ Франджым и властхэм жаІэрт зыкъэзыІэтахэм Іэщэ хурамыгъэшэну.

Европэм и къэралхэм ящыщу Франджыращ зи гугъу тщІы лъэпкъ коалицэр япэу къэзыльытар.

Абы щыгъуэми, Инджылызри ягъэущІ Европэ къэралхэри пІащІэркъым апхуэдэ лъабакъуэ ячыну.

Дамаск «емыкІуу» къиІытащ Франджым илэжьар. «Франджыкъэм оппозицэр хуит ящІащ Сирием и цІыхухэр зэтрауклІэну. Ар хуабжьу гущІыхьэщ икІи политикэм къемызэгъ», - кьыхигъэщхьэхукІащ Сирием нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министр Аль-Микдад Фейсал.

● Хъыбархэм ятеухуауэ

ЩымыІэм умылъыхъуэ

Иджы едапщанэрэ ягъэхъыбарэ дунейр кьутэжыну. Мы зэм кьытхуагъэлъагъуэр 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 21-рщ. Сэ къэспсэуам кьриубыдэу апхуэдэ псальэмакъ куэд зэхэсхащ, кьэхъуарэ кьэмыхъуарэ фэри дэри долъагъу. СощІэж, сыщыкІуу апхуэдэ хъыбар кьытІэрыхьауэ щытати, абы ди унагъуэм игъэхъуэ щыІ, ди кьуажэм дэс куэди игъэтгъэзат. 1926, 1927 гъэхэм я зэбІэкІыгъуэ щымахуэр ткІийт. Апхуэдэ щымахуэ щылэхэм ящыщ зы пщыхьэщхьэм, цІыхухэр хуабжьу игъэгуэвауэ щытащ «северное сияние» жыхуаІэм ищІа тхыпхьащІыпхьэхэм. Октябрь революцэр ильэсипщІ щрикьну гъэрт. Дуней кьэхъукъащІэр щхьэусыгъуэ яхуэхъуат псорри зэтещІэжьну ягъэхъыбарыну.

ЗЫ ПЩЫХЬЭЩХЬЭ гуэрым, си аэр дэмысу, ди гъунэгъу цІыхубзым си анэр и цІыхугъэм деж иригъэблэгъащ, абыхэм цІыхубзитІ кьаухэкІуат, зэрыжаІэмкІэ, тхьэгупчэмагъуэу. Си анэм яужь ситу, ар здэкІуэм сэри сыкІуащ.

Уэздыгъэ нэху мащІэкІэ кьатъэнэхуэ пэш ныкъуэкІыфІым щІэт стІолым и хьуреягъым хьэблэ цІыхубзыр кьетІысэкІат, абыхэм ящыщу тІур сцІыхуртэкъым. А тІум ящыщ зым жиІэрт куэд мыщІэу дунейкъутэж кьежьэну. Совет властыр шейтІаным кьиГупсысуаеэр, ар ди Щхьэщыгу Итым мыгувэу игъэкІуэдыжыну ди фІэщ ящыну хэтт абыхэм. Зым мафІэдзым 666 бжьыгъэ кьыхищыкІри, ар шейтІаным и дамыгъэ бжьыгъэ кьыджиІащ. Ленини Сталини шейтІаным и цІыхуу зэрящытым и щыхьэту, абыхэм я цІэри Совет Союз псальэри мафІэдзым кьыхищІыкІащ. Абыхэм жаІэ псори щІагъэбыдзэкьрт фІэщхъуныгъэ зыхэль макъ щабэкІэ зэрыпсалъэм.

- Иджы дяпэкІэ кьэхъунум феплъыт, - жиІэри, мафІэдзыщхьэхэмкІэ «КРАХ» псальэр зэхухьэсащ, ар зэхихьутэжри, 1927 бжьыгъэ абы кьыхищыкІащ. Абы зэрыжиІамкІэ, аэр щыхьэт техьуэрт Октябрь революцэм и ильэсипщІ ныбжьым ирихьэлІэу дунейр зэрыкьутэжынур. Я псальэм и кІэухыу абыхэм жаІащ псоми ди гуэныхьхэр щыпшыныкьыну? махуэщхуэм зыхуэдгъэхьэзырым хуейуэ.

Аэр щІэкІыжа иужь, щыхубзхэр иджыри заулкІэ закъыхуэмыщІэжу щысащ.

Куэдрэ кьежьэкІащ иджыри а хъыбархэр, цІыхухэр игъэгузавэу. Ауэ Октябрь революцэм и юбилейр щагъэлпІащ махуэм дунейр кьутэжыну гурыщхьэу уэзыгъэщІ льэпкъ тлъэгуакъым.

Ноябрым и 6-м кьуажэ зэхуэс щыІэу, трактористрэ Волченкэ Моисей ящІэнэкІащ дунейкьутэж кьэхъуну зыгъэхъыбарэу дэтахэм икІи езым жылэдэсхэм кьажриІащ дяпэкІэ кьэхъунур. Абы жиІащ мы кьуажэм щыпсэуэрэм электричествэр, радиор, школ, сымаджэщ, кинотеатр хэту клуб, библиотекэ куэд мыщІэу яІэну, кьуажэ губгъуэ-жэм комбайнхэр щылэжьэну, цІыхухэм я гъащІэр зэрыщІэкІ ящІ. Ауэ мыщІэу дунейкъутэж кьежьэну. ИкІи и псальэхэм дыщІигъужащ, Псыхуабэ кьикІыу Дзэлыкъуэ ящІкІуэ гъуэгу тральхъэу, абыхэм трамвайр кьрикІуэну.

А цІыху кьыхэрыгуэкІын и псальэхэм кьыхэхуэсэ-кІэр кьигъэнэжугъащ. Дунейр зэрыкьутэжыныр ящыгъупщэжри, инкьыуэхэм Моисей и псальэхэр я фІэщ хъуащ, адрейхэр абы щыдыкьэшхащ. Ауэ зэманым пэжымрэ щІымрэ зэхихГэкІащ. Моисей и жиІэм щыщу трамвай гъуэгум кьищІынэмыщІа, адрейхэр кьэхъуащ.

Ильэс 85-рэ и пэкІэ Дзэлыкъуэ кьуейм цІыху щІэныгъэншэ куэд исащ. БгъэщІагъуэ хъунукъым цІыхуэсэр сытри я фІэщ хъууэ зэрыщытар. ГъэщІэгъуэныр зэгъэущІ: еджар щыкуэд зэманым, мы дунейм игъэуэта зыужьынигъэмрэ ехьулІэныгъэмрэ зыльагъуэ цІыхухэм иджыри я фІэщ мэхъу щІэныгъэншэхэм жаІэр.

Дыгъэр кьепсыху, дунейм гъавэр щыІэнущ!. Ар кьытхуепсынущ иджыри ильэс мелуан бжьыгъэкІэ. Дэ дызэгупсысын, япэ идгъэщын хуейр а хъыбар мыфэмыщхьэрахьым, атІэ дызэрыс щыналъэр зэредгъэфІэкІуэнырщ, цІыхухэм зэрызедгъэуэщІынырщ. ЩымыІэм умылъыхъуэ, уиІэр умыгъэпуд.

Тлъэгуакъым. И...

● Волейбол

Прокуратурэхэм я зэпеуэ

Иджыблагъэ Черкесск къалэм щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Щэрджэсымрэ я прокуратурэхэм я щІыхьэ командхэм волейболымкІэ я зэхьэзэхуэ.

ЗЭПЕУЭ гуащІэм бжьыгъэ 3:1-уэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫкІуэхэр щытекІуащ. КЪБР-м и прокуратурэм и щІыхьыр яхьумащ республикэм, Налшык къалэ, Іуащхьэмахуэ, Прохладнэ, Шэджэм куейхэм я прокурорхэм я дэІэпыкъуэгъуэхэм, Іэщ1агъэлІ нэхъыкІэм.

Зэхьэзэхуэ нэужьым КъБР-м и прокурор Жариков Олег зэпеуэм хэтахэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэр ильэс 90 ирокъу» фэепль бгъэхэІу дамыгъэхэр яритащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Хабзэхъумэр уІэгъэ хъуащ, бзаджащІэр яукІащ

КъБР-м щыІэ МВД-м Экстремизмэм пщІэтынымкІэ и Іэнатіэм, УФ-м и ФСБ-м и Іуэхущ1апІэм, МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэм и «Э» центрым я лэжьакІуэхэм щІэпхьаджащІэ гупым щыщхэр кьэлъыхьуэным теухуа Іуэхугъуэхэр Іуащ1ах мэхъу я куейм щыІэ Тырныауз щрагъэкІуэкІыу 1983 гъэм кьалъхуа бзаджащІэр кьахутащ дыгъэгъазэм и 11-м сыхьэт 21-м. Ар Іэщэкъэ кьапэуващ икІи зэпэщІэувэныгъэм щ1ауІащ. КъБР-м щыІэ МВД-м Экстремизмэм пщІэтынымкІэ и ІэнатІэм и оперуполномоченэм и щхьэм уІэгъэ игъуэтащ, абы дохутырхэр кІэльопль.

Іуэхур кьащІыхьуа щІыкІэм, следствиер гупыр мэлажь. КІэрахъуэ, зэрыхуагъэфащэмкІэ, «ПСМ», шэ куэд кьагъэутащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм Хъыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщІафІыгъэхэмкІэ и ІэнатІэ.

Ди газетым и кьыкІэхъыльІуэ номерыр кьыщыдэкІынур дыгъэгъазэм и 15-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

ÐÁÀÂÉÒÝÌ È ÊÎÉÉÁÂÉÀÌ ÕÝÓÕÝÐ

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъжЕмыкъуэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и зэпыщІафІыгъэхэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыдж Замир, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщІымыщІ Иэз.**

КъыдзэгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ, ещІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щІэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; етъыджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; здэзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхъа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкІэ ахэр зытехъэм и жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тельдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІафІыгъэхэм я управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитныгъэр хьумэныжьІ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №ІІ-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІыкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм етэмхьахщ: жуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактор Багъэтмэр Луиз, корректорхэр Афэ Тамарэ, Щоджэн Инэ, Щоджэн Заирэ, ПхытІыкІ Азэмот. Корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Мырзэкан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и тетІэр ящІащ* Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм етэмкьр* Бицу Жаниэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьазыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.749 ● Заказ №3299